O`zbekistan Respublikası xalıq bilimlendiriw wa`zirligi

A`jiniyaz atındag`ı No`kis ma`mleketlik pedagogikalıq institutı

Pedagogika fakul`teti

Mektepke shekemgi  ta`lim kafedrası

Mektepke shekemgi ta`lim  ta`lim bag`darının`

4  kurs talabası Jaqsimuratova Gulsawir

# Pitkeriw qa`nigelik jumısı

Tema: Balalardı  miynet su`yiwshilikke ta`rbiyalawda qorshag`an ortalıqtın` ornı

Ilimiy basshi: R.Alewova

No`kis 2014

# M a z m u n i

Kirisiw . . . .. . . . .. . . .. . . . .. . . . . . . . . .. . . . . .. . . . . . . . . . . .. . . .. . . . .. . . . .. . . . . .. . 3-8

I BAP. Mektepke shekemgi ta`lim ma`kemelerinde miynet ta`rbiyasının` teoriyalıq tiykarları

1.1. Mektepke shekemgi ta`lim ma`kemelerinde miynet ta`rbiyasının` mazmunı..9-16

1.2. Balalardı u`lkenler miyneti menen tanıstırıwdın` a`hmiyeti....17-23

1.3. Mektepke shekemgi ta`lim ma`kemelerinde balalar miynetin sho`lkemlestiriw formaları. . . . . .. . . .. . . . . .. . . . . .. . . . .. . . . . . . . . . . . . 24-37

2 Bap. Mektepke shekemgi jastag`ı balalardı miynetsu`yiwshilikke ta`rbiyalawda qorshag`an ortalıqtın` a`hmiyeti

2.1. Balalardı muynetsu`yiwshilikke ta`rbiyalaw. .. . . . . . . .. . . . . . . . . . . . . .. . . 38- 41

2.2. Balalarda qorshag`an ortalıq haqqındag`ı tu`siniklerin qa`liplestiriwde ta`biyattın` ta`rbiyalıq imkaniyatları. . . . . . . . . . . . .. . . . . . . . . . . .. . . . . . . . . . . . . 42-55

Juwmaqlaw. . .. . . . . . . . . .. . . . . . . .. . . . . . .. . . . . . .. . . . . . .. . . . . . .. . . . . . . . . .. . . . 56-58

Paydalanilg`an a`debiyatlar dizimi. . .. . . . . . . . . .. . . . . . . . .. . . . . .. . . . . . . .. . . . . . .. 59-60

# Kirisiw

**İzertlew jumısının` aktuallig`i**: O`zbekstan Respublikasında ja`miyetlik qarım-qatnasıqlar mazmunı jan`alanıp atırg`an waqıtta o`sip kiyatırg`an jas a`wladtı miynetsu`yiwshilik ruwhında ta`rbiyalawdı jan`asha tiykarda, bir ta`repten, milliy pedagogikalıq da`sturler negizinde, ekinshiden, rawajlang`an ma`mleketler ta`jiriybesinen paydalangan halda alıp barıwg`a ja`miyetlik za`rurlik sıpatında qaralmaqta. Sebebi miynet ja`miyetlik rawajlanıwdın` deregi, barlıq materiallıq ha`m ruwhıy mu`ta`jliklerdi a`melge asırıwdın` tiykarg`ı sha`rt – sharayattı. Demek, miynet insan iskerliginin` tiykarg`ı forması, insan o`mirinin mazmunı, ha`r bir ja`miyet ag`zasının` wazıypası, shaxs rawajlanıwının` tiykarı. Miynet a`yyemnen ja`miyettin` a`dep-ikramlılıq printsipi esaplanıp kelgen, materiallıq ha`m ruwhıy ma`deniyattın` ha`mde ja`miyetlik rawajlanıwdın` negizi ha`m. Miynet tek g`ana jeke materiallıq derek bolıp kalmay, al xalıqqa xızmet etiw, watın ushın qayg`ırıw, jeke ma`pten xalıq ma`pin u`stem qoyıwdın` tiykarı ha`m.

Mektepke shekemgi ta`lim u`zliksiz ta`lim sistemasının` baslawısh tu`ri esaplanıp, O`zbekstan Respublikasının` «Bilimlendiriw haqqında»g`ı Nızamı ha`m «Kadrlar tayyarlaw milliy da`sturi» talapları tiykarında sho`lkemlestiriledi ha`m bala shaxsın mektepke shekemgi jastag`ı balalar ta`lim-ta`rbiyasına koyılatug`ın Ma`mleket talaplarına muwapıq salamat ha`m jetik, mektepke oqıwg`a tayarlang`an ta`rizde qa`liplestiriwdi na`zerde tutadı.

Mektepke shekemgi jastag`ı balalardı mektep ta`limine tayarlawda olardı xalıqtın` bay milliy, ma`deniy-tarixiy miyrası ha`m ruwhıy a`dep-ikramlılıq ta`repten ta`rbiyalaw: balalarda milliy watansu`yiwshilik sezimlerin qa`liplestiriw, mektepke shekemgi jastag`ı balalarda bilim alıw mu`ta`jligin, oqıwg`a umtılıw qızıg`ıwshılıqların qa`liplestirip, olardı ha`r dayım ta`lim protsesine tayarlaw, balalardın` oylawın rawajlandırıw, o`zinin` pikirin o`z betinshe ha`m erkin aytıw uqıplılıqların qa`liplestiriw, balalardın` fizikalıq ha`m ruwhıy salamatlıg`ın ta`miyinlew za`rur a`hmiyetke iye.

Milliy da`sturlerdi qayta tiklew, olar mazmunında aldıng`ı surilgen ideyalar tiykarında barkamal insandı ta`rbiyalaw g`a`rezsizlik jıllarında ma`mleket siyasatı

da`rejesine ko`terildi. Prezidentimiz İslam Karimov «Biz halqımızddın` du`n`yada hesh kimnen kem bolmawı, perzentlerimizdin` bizden de ku`shli, bilimli, dana ha`m a`lbette, baxıtlı bolıp jasawı ushın barlıq ku`sh ha`m imkaniyatlarımızdı bag`darlap atırg`an ekenbiz, bul boyınsha ruwhıy ta`rbiya ma`selesi, so`zsiz, ten`i joq a`hmiyetke iye boladı»[1], dep atap ko`rsetken edi.

Usı maqsette hukimetimiz ta`repinen jan`alang`an ja`miyettin` siyasiy ha`m ma`mleket duzilisin ulıwma ta`lim alıw, ka`sipti ha`m tiyisli arnawlı tayarlıqtı o`tiwdi erkin tan`lawg`a ha`mmege ten` huqıq beriliwi, yag`nıy bunda o`zbek xalqının` ha`m respublika aymag`ında jasawshı basqa xalıqlardın` milliy, tariyxıy ha`m ma`deniy da`sturleri, ruwhıylıq ta`jiriybesi ta`lim ha`m ta`rbiya sistemasına baylanıslı turde kiritiliw za`rurligin ustem wazıypalardan biri etip belgilenedi.

Ta`lim ta`rbiya protsesinde miynet ta`rbiyasının` balalarg`a jan`asha sin`diriw, olarda miynet etiwge qa`lewshiligin o`stiriw, miynet na`tiyjesinen zawıqlana biliw sıyaqlı sezimlerdi payda etiw arqalı olarda miynetkeshlerge hu`rmetti, ja`miyet paydasına miynet etiw qa`biletin, pidayılık ha`m miynetke do`retiwshilik qarım-qatnasta bolıw sıyaqlı a`dep-ikramlılıq sıpatlardı payda etiw lazım.

Balalardı miynetke u`yretiwde, en` da`slep, olardı psixologiyalıq ha`m a`meliy tayarlaw: ja`ma`a`tte miynet etiw ko`nlikpelerin ta`rbiyalaw za`rur rol oynaydı. Miynetke ruwhıy, aqılıy ha`m a`meliy tayarlaw protsesinde jaslarda miynetsu`yiwshilik, pidayılıq, hadallıq, ta`rtiplilik sıyaqlı sıpatlar qa`liplesiwi menen birge olarda a`dep-ikramlılıq erklilik o`zgeshelikler ha`m qa`liplesip baradı. A`sirese, miynet ma`deniyatı ko`nlikpelerin ta`rbiyalap barıw za`rur a`hmiyetke iye.

Solay eken, miynetti su`ymeytug`ın ha`m qa`dirlemeytugın adamnan ma`deniyatlı insan shıqpaydı. İnsannın` sanalılıg`ı, ta`rbiyalang`anlıg`ı en` da`slep miynetke bolg`an qarım-qatnasıg`ındı. Miynet insandı ko`termeleydi, go`zzallıqqa itermeleydi. Miynetsiz turmıs mazmunsız, dep aytıladı. Miynet etpeytug`ın insannın` o`miri qızıq emes. Bunday insan ruwhıy qambagal ha`m fizikalıq ta`repten a`zzi boladı. Miynet etpesen ha`tteki talant ha`m so`nedi. Miynet ha`r qanday qa`biletti rawajlandıradı. Miynetke balalar da`slep shanaraqta, mektepke shekemgi ta`rbiya ma`kemelerinde ha`m ta`rbiya protsesinin` pu`tin sistemasında

[1] İ.Karimov. Yuksak ma`naviyat- engilmas kuch. – Toshkent, Ma`naviyat, 2008. – 4 bet.

u`yretilip barıladı. Mektepke shekemgi ta`lim ma`kemesinde ha`m shan`araqta orınlanatug`ın onsha quramalı bolmag`an ha`r bir tapsırma onın` ku`ndelikli wazıypasına aylanıwı kerek.

Bala miynetinin` a`hmiyeti ha`m ma`deniyatın tu`sinip jetiw ushın pedagog u`lkenlerdin` miyneti, balalardın` o`zleri orınlaytug`ın miynet tu`rlerin baqlaw ju`zesinen ekskursiyalar sho`lkemlestiredi. Balalardın` ha`r qıylı miynet protsesinde qatnasıwı, u`lkenler miyneti menen tanıstırıw olardın` aynala a`tiraptag`ı o`mir, insanlardın` o`z-ara qarım-qatnasıkları haqqında buyımlar ha`m olardın` o`zgeshelikleri, qurılmalar ha`m a`sbaplar haqqında belgili tu`siniklerge iye bolıwlarına ja`rdem beredi.

Ata-babalarımız a`sirler dawamında miynetti ko`termelep kelgen. Bug`an a`wladlarımızdan miyras bolıp qalg`an – ilimiy a`debiy kitaplar, arxitekturalıq imaratlar, ko`rkem o`ner shıg`armalarının` barlıg`ı usı miynettin` o`nimi.

Balalardı en` kishi jastan miynetke u`yretiw kerek. Alisher Nawayı miynetsu`yiwshilikti haqıyqıy insannın` en` tiykarg`ı o`zgesheligi dep bilgen. Miynet insandı bezewin, onı ha`r ta`repleme ka`mal taptırıwın joqarı ko`terinki ruwh penen ta`riplegen. Jas a`wladtı shın kewilden miynet etiwge, miynetti qa`dirlewge shaqırg`an.

Shıg`ıs danıshpanları jas a`wladtı miynet ta`limi ha`m ta`rbiyası ma`selelerine ayrıqsha itibar bergen. Olar o`z shıg`armalarında jas a`wladtı qızıg`ıwshan`, doslıq, insanıylıq sıyaklı insanıy pazıyletler tek g`ana miynet arqalı payda bolıwın ta`sirshen` etip ta`riyplegen.

Miynet shaxstı ha`r ta`repleme ka`mal taptırıwdın` tyikarg`ı faktorı. Sonın` ushın ha`r bir bala mektepke shekemgi jastan baslap miynet protsesinde qatnasıwı kerek. Mektepke shekemgi ta`lim ma`kemelerinde, shan`araqta orınlanatug`ın, quramalı bolmag`an ha`r bir tapsırma balanın` ku`ndelikli wazıypasına aylanıwı lazım.

Psixologiyalıq o`zgesheliklerge ko`re mektepke shekemgi jastag`ı balalar turli mazmun ha`m bag`darlarda sho`lkemlestiriletug`ın iskerlik protsessinde qatnasıwg`a uqıplı boladı. Biraq mektepke shekemgi jastag`ı balalarda miynet etiwge say ha`reketlerin tuwrı a`melge asırıw ko`nlikpeleri qa`liplespegen boladı.

Balalarda jaslıq jıllarınan baslap miynet etiw ko`nlikpelerin qa`liplestiriwde xalıq da`sturleri usı millet wa`killerinin` dun`yag`a ko`z-qarası, o`mirlik umtılıwları, arman-tilekleri, turmıs ta`rzi mazmunın sa`wlelendiredi. Sonın` ushın ha`m xalıq da`sturleri mazmunınan aldıng`ı surilgen ideyalardın` negizi tez an`lanadı. A`ne usı o`zgeshelikke ko`re o`zinde miynet temasın sa`wlelendiriwshi xalıq da`sturleri mektepke shekemgi jastag`ı balalarda belgili miynet iskerligin sho`lkemlestiriwge xoshametlew, olarda miynet etiw ko`nlikpe ha`m uqıplılıqların qa`liplestiriwde za`rur faktor bolıp xızmet etedi.

Miynet ta`rbiyası bul keleshek a`wladtın` mynetke tayarlıg`ın sog`an tırısıwın, demokratiyalıq ja`miyet qurıwda a`meliy jaqtan qatnasa biliw uqıbın, miynetke ha`r ta`repleme qatnastı qa`liplestiriwshi maqsetke bag`darlang`an protses bolıp tabıladı.

Mektepke shekemgi ta`rbiya jasındag`ı balalardı ka`mil insanlar etip ta`rbiyalaw sistemasındag`ı miynet, olardın` u`ydegi ha`m baqshadag`ı o`miri menen tıg`ız baylanıslı bolıp, iskerliktin` tiykarg`ı turi ha`m zarurli ta`rbiyalıq usıl bolıp tabıladı. Miynet ta`rbiyasının` a`hmiyetli wazıypası- balalardın` miynetke bolg`an durıs qarım- qatnasın qa`liplestiriw, olardı psixologiyalıq ha`m a`meliy jaqtan miynet etiwge tayarlaw.

Bunın` ushın biz balalardın` jas ha`m jeke ayırmashıqların esapqa alıp, balalarda miynet suygishlikti qa`liplestire otırıp, olardı maqset qoyıwg`a, onı mengeriwdin` jolın taba biliwge ha`m maqsetke muwapıq na`tiyje alıwg`a uyretiwimiz za`rur.

O`zbek shayır, jazıwshılar Alisher Nawayı, Furqat, Muqimiy, Hamzalar miynettin` insannın` ruwhıy dun`yasın go`zzallashtırıwshı roline, miynetsu`yiwshilikti ta`rbiyalawga ha`m miynetti qa`dirlewge u`lken a`hmiyet bergen.

Shet el alımları Ya.Z.Neverovich, L.E.Obraztsovlar balalardı u`lkenler miyneti menen tanıstırıw arqalı olar u`lkenlerden miynettin` ja`miyetlik sebebin erte o`zlestiriwin izertlegen, V.İ.Loginovanın` jumıslarında balalardın` miynet ha`m miynet uqıplılıqları haqqındag`ı bilimler sistemasın o`zlestiriwin ashıp bergen.

O`zbekstanda mektepke shekemgi jastag`ı balalardın` miynet ta`rbiyası boyınsha P.Yusupova, O.Xasanboeva, Sh.Sodiqova, Sh.Shodmonova, S.Nishonovalar izertlew jumısların alıp bargan.

Biraq mektepke shekemgi jastag`ı balalardı miynetsu`yiwshilikke ta`rbiyalawda qorshag`an ortalıq, aynala-a`tiraptın` ta`siri haqqında jumıslar alıp barılmag`an.

Sonliqtan jumisimizdın` temasi «Balalardı miynetsu`yiwshilikke ta`rbiyalawda qorshag`an ortalıqtın` ornı » dep ataladi.

**İzertlewdin` maqseti**. Mektepke shekemgi jastag`ı balalardı miynetsu`yiwshilikke ta`rbiyalawda qorshag`an ortalıqtın` tutqan ornın` anıqlaw.

**İzertlewdin` ob`ekti.** Mektepke shekemgi jastag`ı balalardı miynetsu`yiwshilikke ta`rbiyalaw protsesi.

**Temanın` predmeti.** Mektepke shekemgi jastag`ı balalardı miynetsu`yiwshilikke ta`rbiyalawda qorshag`an ortalıq penen tanıstırıwdın` mazmunı ha`m usılları.

**İzertlewdin` wazıypaları.**

1. Balalar miynetinin` ta`rbiyalıq ha`m o`zine say ta`replerin anıqlaw.

2. Ulkenler miyneti menen tanıstırıwdın` o`zine say o`zgesheliklerin pedagogikalıq mashqala ekenligin tiykarlaw.

3. Mektepke shekemgi ta`lim ma`kemesinde balalar miynetin sho`lkemlestiriwdin` en` na`tiyjeli jolları, usılların islep shıg`ıw.

4. Balalarda qorshag`an ortalıq haqqındag`ı tu`siniklerin qa`liplestiriw arqalı minetswyiwshilikke u`yretiw.

**Izertlewdin` metodologiyaliq tiykari:** O`zbekstan Respublikasinin` Konstitutsiyasi, O`zbekstan Respublikasi Prezidenti I.A.Karimov shig`armalari, O`zbekstan Respublikasi «Bilimlendiriw haqqinda»g`i Nizam, «Kadrlar tayarlaw milliy dasturi», mektepke shekemgi ta`lim mekemeleri xizmetin jetilistiriwge qaratilg`an normativ hujjetler, temag`a say ilimiy-pedagogikaliq, metodikaliq, tariyxiy, filosofiyaliq derekler.

**Izertlew metodlari.** Pedagogikaliq analiz, gurrin`lesiw, test, baqlaw, uliwmalastiriw, a`debiyatlardi analizlew, salistirw, eksperiment.

**İzertlewdin` jan`alig`i.** Mektepke shekemgi jastag`i balalardi miynetsu`yiwshilikke ta`rbiyalaw za`rur pedagogikalıq mashqala ekenligi tiykarlandı, balalardı miynetke ta`rbiyalawda qorshag`an ortalıqtın` tutqan ornı anıqlang`an

ha`mde bul boyınsha teoriyalıq ha`m a`meliy ta`repten tiykarlang`an usinislar islep shig`ildi.

**İzertlewdin` a`meliy a`hmiyeti.**

Mektepke shekemgi pedagogika pa`ni mektepke shekemgi ta`lim ma`kemelerinde balalardı miynetsuyiwshilikke ta`rbiyalaw say ilimiy-teoriyalıq ko`z-qaraslar menen bayıdı ha`mde usı na`tiyjelerden mektepke shekemgi ta`lim ma`kemeleri ta`lim-ta`rbiya protsessinde, mektepke shekemgi ta`lim pedagogikasında paydalanıw mu`mkin.

**Temanin` duzilisi.** Kirisiw, eki bap, juwmaqlaw, paydalanilg`an a`debiyatlar diziminen ibarat.

# 1 Bap. Mektepke shekemgi ta`lim ma`kemelerinde miynet ta`rbiyasının` teoriyalıq tiykarları

## 1.1. Mektepke shekemgi ta`lim ma`kemelerinde miynet ta`rbiyasının` mazmunı

Miynet ja`miyetlik rawajlınıwdın` deregi, barlıq materiallıq ha`m ruwhıy talaplardı a`melge asırıwdın` tiykarg`ı sharayatları, sonın` menen birge insan o`mir iskerliginin` tiykarg`ı forması, insan o`mirinin` mazmunı ha`m ha`r bir ja`miyet ag`zasının` wazıypası, shaxs rawajlanıwının` tiykarı. Miynet a`yemnen ja`miyettin` a`dep-ikramlılıq printsipi esaplanıp kelingen.

Ma`deniyatlı insan miynetsuyiwshi bolıp jetilisedi. Miynetti su`ymeytug`ın ha`m qa`dirlemeytug`ın adamnan ma`deniyatlı insan shıqpaydı. İnsannın` sanalıg`ı, ta`rbiyalang`anlıg`ı da`slep miynetke bolg`an qarım-qatnasıg`ında ko`rinedi.

Miynet insandı go`zzallıqqa iytermeleydi. Miynetsiz turmıs mazmunsız o`tedi. Miynet etpeytug`ın insan o`miri qızıqsız. Ol ruwhıy jarlı, fizikalıq azzi boladı. Uzaq o`mir suriw sırı ha`m miynet. Miynet etpesen` ha`tteki talant ha`m so`nedi, miynet ha`r qanday qa`biletti rawajlandıradı.

Miynet baxıt tımsalı ekenligi ha`mmege belgili. İnsan jaralg`annan beri miynet iskerligi menen shug`ıllanıp kelgen.

A`zelden miynetkesh, tınımsız xalqımız o`zinin` miyneti menen bag`lardı gulistanga, sho`lni bostang`a aylandırıp kelmekte. A`yyemde ata-babalarımızdın` miynet haqqında aytılg`an dana naqılları ha`zirge deyin ha`m o`z qa`dirin jog`altpag`an.

Ma`selen

Miynetli nan - qant,
Miynetsiz nan- za`ha`r.
Miynet baxıt keltiredi.
Miynet etip tapqanın` ,
Bal tatqanın`.

Bul maqallar arqalı dana xalqımız miynetti ko`termeleydi.

Miynet ha`r qanday materiallıq ha`m ruwhıy baylıqlardın` tiykarg`ı deregi, sonın` menen birge shaxstı ha`r ta`repleme kamal taptırıwdın` za`rur kuralı. Miynet protsesinde insaniy sezimlerdi aktiv payda bolıwı ushın qolaylı sharayatlar jaratadı ha`m ha`r bir insanda ruwhıy qananaatlanıw payda etedi.

Ha`r bir bala mektepke shekemgi ta`rbiya jasınan baslap miynette qatnasıwı zarur. Mektepke shekemgi ta`lim ma`kemesinde, shan`araqta orınlanatug`ın onsha kuramalı bolmag`an ha`r bir  tapsırma onın` kundelikli wazıypasına aylanıwı kerek.

Bala miynettin` a`hmiyeti ha`m negizin tusinip jetiwi ushın pedagog ulkenlerdin` miyneti, balalardın` o`zleri orınlaytug`ın miynet turlerin baqlaw juzesinen ekskursiyalar sho`lkemlestiredi.

Balalar kurıwshılardın` miynetin baqlap atır deylik. Kurılıs maydanshasına ulken-ulken bloklar keltirip, olar ko`terme kran menen tusiriledi. Keyin balar gerbish teriwshiler, boyawshılar miynetin baqlaydı.

Balalardın` kurılıs penen tanısıw dawamında bilip alg`an barlıq qıyal etiw  ha`m tusinikleri, olardın` ko`zi aldında a`jayıp  imarat qurıp atırg`an insanlar miynetinin` go`zzallıg`ı payda boladı.

Mine, ta`rbiyashılar balalar dıqqatın ılay ıdıslarga gul salıwshı insanlar miynetine karatadı. Balalar ta`rbiyashı menen birgelikte olardın` sheber sızg`an suwretleri na`tiyjesinde ılay ıdıslardın` ha`r qıylı ko`rinisinen zawıqlanıp, «Olardın` qolları gul eken» deydi.

Bulardın` barlıg`ı balalarda insanlar miynetine muhabbat oyatadı. Pedagog balalardı miynettin`  materiallıq  baylıq keltiriwshi  ta`repi ha`m, estetikalıq ta`repin ha`m ko`re  biliwge uyretedi. Ba`xa`r kunlerinin` birinde ta`rbiyashı  balalardı  terek gullep turgan bag`qa alıp kiredi. Jollarga kum sewilgen, terekler ha`q penen aqlang`an. Gullerdin`  a`tirapında ha`rreler ushıp juripti. Bulardın` ha`mmesi balalarda a`jayıp zawıq keshirmelerin oyatadı.

Miynet balalardın` fizikalıq, tuwrı rawajlanıwında za`rur sha`rtlerdin` biri esaplanadı. Miynette bala o`zinin` islew, ha`reket etiw talabın orınlaydı, ha`reketlerdin` anıq bolıwın ta`miyinleydi. Miynet protsesinde bala organizminin` ulıwma o`mir iskerligi, onın` shıdamlıg`ı artadı.

Balalardın`  ha`r qıylı miynet protseslerinde katnasıwları, u`lkenler miyneti menen tanısıwları olardın` do`gerek-a`tiraptag`ı o`mir haqqında, insanlardın` o`z-ara qarım-qatnasıqları haqqında, zatlar ha`m olardın` o`zgeshelikleri, materiallarg`a islew beriw usılları haqqında, kurılmalar ha`m a`sbaplar haqqında belgili sa`wlelendiriwge iye bolıwga ja`rdem beredi.

Miynet balalardan dıqqat, ziyreklik, tapqırlıq, bilip alg`an uqıp ha`m ko`nlikpelerdi a`meliyatda qollay biliw, do`retiwshilik qa`biletleri iyelewdi talap etedi. Miynet protsesinde balalar ayırım is turlerin an`latıwshı  bir qancha tusinik ha`m atamalardan paydalanıwg`a, orınlang`an istegi izbe-izlikti so`ylep beriwge tuwrı keledi. Bular bala tilin jan`a so`zler menen bayıtadı, onın` logikalıq baylanıslı turde grammatik alıq  ta`repten tuwrı qa`liplesiwge imkan beredi.

Balalardı en` a`piwayı miynet kuralları, materiallarga islew beriw usılları menen tanıstırıw kerek. Miynettin` a`dep-ikramlılıq kımbatı onın` ja`miyet ushın qanshelli a`hmiyetke iye ekenligi menen belgilenedi. Miynet ha`r bir balanı o`z miynetinin` sotsiallıq a`hmiyetin tusinip jetiwge, onın` ja`miyet o`mirine  kirip barıwg`a, o`zin usı ja`miyettin` ag`zası deb seziwge imkaniyat jaratadı.

Ha`r bir bala shan`araqta, balalar miynetinde o`z ulesi barlıg`ın seziwi lazım. İsti usı ta`kilette sho`lkemlestiriliwi bolalarda jama`a`tshilik ha`m intizamlılıqtı, bursh sezimin ta`rbiyalaydı. Sonın` menen balalardı ja`ma`a`t miynetine ta`rbiyalaw za`rur a`hmiyet kasb etedi.

Miynettin` balalardı aqılıy  ta`repten rawajlandırıwdag`ı a`hmiyeti sonda, miynet protsessinde olar barlıqtı aktiv anglay baslaydı.

Mektepke shekemgi jastan baslap balalarga miynet ta`rbiyasın beriw olardı estetikalıq ha`m fizikalıq ta`repten rawajlandıradı.

Jas a`wladqa miynet ta`rbiyasın beriw ma`selesi ha`zirgi da`wirde en` aktual tema esaplanadı. Miynet ha`r bir insan kamalatına ha`m ulıwma ja`miyet rawajlanıwında zarur  a`hmiyetke iye. Balalardı fizikalıq, aqılıy, a`dep-ikramlılıq ha`m estetikalıq ta`repten ta`rbiyalawda miynet ta`rbiyası zarur a`hmiyetke iye.

Miynet ha`r bir jas topardag`ı balalardın` o`zine say o`zgesheliklerin itibarga alıp sho`lkemlestiriledi, og`an tuwrı basshılıq etkende g`ana jeterli na`tiyjege erisiw mumkin.

Mektepke shekemgi ta`rbiya jasındag`ı balalar miynetinin` o`zine say  ta`repleri ko`p alımlar  ta`repinen alıp barılg`an ilimiy islerde ken` uyrenip shıg`ılg`an.

Balalar miynetinin` za`rur belgisi onın` belgili  maqsetke qaratılg`anlıg`ı. Kishi baqsha jasındag`ı balalardın` miyneti bir protseske  say ha`reket  bolıp, ol tek g`ana ulkenlerdin` basshılıg`ı na`tiyjesinde g`ana  a`melge asırılıwı mumkin.

Bala kubiklardı bir jaydan ekinshi jayg`a  mashinadan stolga, stoldan mashinaga ko`shiredi h.t.b. Ta`rbiyashı basqa stol ustindegi kubiklardı ko`rsetip, onı mashinada shkafga alıp barıw kerekligin aytadı. Bala kubiklardı  mashinasında shkafga tasıw baslaydı ha`m jayına ta`rtipli etip jaylap  qoya baslaydı. «Qatnaw» bir neshe ma`rte ta`kirarlanıp, barlıq kubiklar jayına jıynastırılıp qoyıladı. Balalar iskerliginde maqset payda boladı. Keyingi gezekte balanın` o`zi oynap atırg`an doslarına oynap bolg`annan keyin oyınshıqlardı mashinada jayına alıp barıp  qoyıwdı aytadı.

U`lken topar balalarında o`z betinshe maqset qoyıw qa`bileti materiallıq na`tiyje beretug`ın miynet turlerinde na`tiyjeli rawajlanadı.

İskerlikti rejelestiriw miynet ta`rbiyasının` zarur bo`limi  esaplanadı. Balalardı baqlaw olar iskerliginin` ta`rtibsiz, rejesiz ekenligin ko`rsetedi. Balalar bunday ha`reketler arqalı bir na`tiyjege erisiw ushın juda` ko`p waqıt  ha`m kush  sarplaydı, sonın` menen bir waqıtta o`z islerinen o`zleri qanıqpaydı.

Ta`rbiyashı balalardı o`z iskerliklerin shamalap rejelestirip alıwlarına uyretiw ha`m olar iskerliklerine basshılıq etiw lazım. Solay etip, barlıq baqsha jası da`wirinde miynet ha`m oyın o`z-ara baylanıslı xalda keshedi, biraq  ha`r qanday jag`dayda ha`m balalar miynetin oyınga aylandırıw, olardın` parqın joqqa shıg`arıw natuwrı bolar edi. Ta`rbiyashılar ha`m ata-analar ta`sirinde  a`ste-aqırın balalar miyneti o`z wazıypası, mazmunı, metodı ha`m sho`lkemlestiriliwi menen o`z betinshe iskerlik sıpatında ajırıtıp barıladı.

Miynette onın` beretug`ın na`tiyjesi iskerliktin` majburiy, bo`limi esaplanadı. Biraq balalar menen alıp barılatug`ın ta`rbiyalıq iste miynet na`tiyjesine balalarda miynetke ha`wes sezimin ta`rbiyalaw ushın ja`rdem beretug`ın pedagogikalıq faktor deb qaraw kerek.

Miynetde na`tiyjege erisiwde, miynet uqıplılıqların qa`liplestiriwde pedagogtın` ha`m balalar ten`leslerinin` bahası ha`m o`zine-o`zi baha beriw ulken a`hmiyetke iye.

Balalar jasag`an buyımlar oyın ha`m shınıg`ıwlarda qollanılsa, olar o`zleri jasap atırg`an buyımlar ja`nede sıpatlı bolıwg`a umtıladı.

Mektepke shekemgi ta`rbiya jası da`wirinde balalardın` jası u`lkeyiwi menen miynet sebepleri ha`m o`zgerip baradı. Ya.Z.Neverovich, L.E.Obraztsovlardın` alıp barg`an ilimiy izleniwleri na`tiyjesi sonı ko`rsetedi, balalardı ulkenler miyneti menen tanıstırıw arqalı olar ulkenlerden miynettin` ja`miyetlik sebebin erte o`zlestirip alar eken.

Biraq olar bir isti o`z betinshe orınlag`andag`ana o`z miynetleri basqalar ushın paydalı ekenligin sanalı ra`wishte bilip aladı. Ma`selen, analar ha`m kempir opalar ushın 8 martqa sawg`a tayarlaw, kishi topar balaları maydanshasın jıynastırıwg`a ja`rdemlesiw, jırtılg`an kitaplardı jamap beriw, kontsert ha`m teatr qoyıp beriw ha`m basqalar balalarda miynettin` belgili na`tiyjesine umtılıw oyatadı, iskerliktin` ja`miyetlik sebeplerin an`latıp, miynetke ha`wesin, isti orınlawda balalardın` o`z aldılarına qoyatug`ın talaplardı asıradı.

V.İ.Loginovanın`[2] alıp barg`an ilimiy-izertlew islerinde aytıwınsha balalarg`a miynet ta`rbiyasın beriw ushın olar miynet ha`m miynet uqıplılıqları haqqındag`ı bilimler sistemasın o`zlestirip alıwları kerek eken.

1. Miynet maqset qoyıw ha`m onın` na`tiyjesin belgilep alıwdan baslanadı maqset-miynet suwreti.

2. Miynet etiwden maqset boyınsha kerekli materiallardı tan`lap alıw.

3. Materialdı islew ushın kerekli a`sbaplardı tan`lap alıw.

4. Na`tiyjege erisiw ushın miynet ha`reketlerin orınlaw.

Bul sistemanı to`mendegi sxemada keltiriw mumkin, maqset, miynetti tan`law, materialdı tan`law, miynet iskerligi-miynet quralları, miynet na`tiyjesi.

Demek, mektepke shekemgi ta`rbiya jası da`wirinde miynet iskerligi qa`liplestiriledi. Pedagog basshılıg`ında miynettin` ja`miyetlik sebeplerin ha`mme za`rur ta`repleri qa`liplesedi. Ulkenler miyneti ha`m onın` ja`miyetlik a`hmiyeti haqqındag`ı bilimler o`zlestirilip alınadı.

Mektepke shekemgi ta`rbiya jası da`wirinin` o`zine say ta`replerinen ja`ne biri balalar miynetinin` oyın menen baylanıslılıg`ı.

---

[2] P.Yusupova, Maktabgacha pedagogika – T.: Wqituvchi, - 1993 y. – 141 bet

Oyın protsesindegi qanday da ha`reket ha`r dayım bir miynet protsessin sa`wlelendiriwge bag`darlang`an boladı. Ekinshi ta`repten, miynet protsessin orınlawda onı oyın formasına aylandıradı, ma`selen, japraqlardı za`mbirlerde tasıydı, mashinalarda juredi.

Sonın` menen birge o`zinin` o`zgesheligi, mazmunı, juzege keliw sebebine ko`re miynet ha`m oyın bir-birinen parıq qıladı. Miynette maqset qoyıladı, onı a`melge asırıw, na`tiyjege erisiw ushın shart-sharayat jaratıladı, kurallar izlep tabıladı. Oyında bolsa balalar ulkenlerdin` miynet iskerligine elikleydi. Oyında miynet sıyaqlı bir anıq na`tiyjege erisilmeydi, biraq ol miynet sıyaqlı balalarg`a quwanısh bag`ıshlaydı, olar o`zlerinde qanaatlanıw sezimin sezedi. Oyında bala o`z oylag`anın rawajlandırıwı jetekshi roldi oynaydı, miynette na`tiyjege erisiw ushın miynet ha`reketlerin orınlaydı. Oyında balanın` oylag`an na`rsesi jetekshi roldi oynaydı, miynette bolsa na`tiyjege erisiw jolındag`ı miynet ha`reketleri, oyın o`zinin` rawajlanıwındag`ı ha`r qanday basqıshta toxtalıwı mumkin, miynette bolsa a`lbette ko`zlengen na`tiyjege erisiledi.

Kishi baqsha jasındag`ı balalar miynetinin` tiykarg`ı turi o`z-o`zine xızmet. Bul kishi balalar ushın mashaqatlı is. Sonın` ushın bul jastag`ı balalardı miynetin` bul turine uyretiwde ko`binese oyın jag`daylarınan paydalanıladı («Quwırshaqtı seyilga atlandıramız», «Quwırshaqtı uyqılatamız» ha`m t.b.). Da`slep balalar oyın obrazı arqalı miynetke uyretiledi. Usı arqalı balalar isenim menen ha`reket qılıwdı uyrenedi.

A`ste-aqırın o`z-o`zine xızmet etiw uqıp, ko`nlikpeleri qa`liplesip baradı.

Miynet ta`rbiyasının` tiykarg`ı maqseti balalardı ha`r ta`repleme rawajlandırıw, a`dep-ikramlı etip ta`rbiyalaw, keleshektegi miynet iskerligine ruwhıy ta`repten tayarlaw, miynet etiw qa`lewshiligin sin`diriwden ibarat.

Miynet ta`rbiyasının` wazıypaları ha`r qıylı, sonın` ushın olardı toparlar boyınsha to`mendegishe bo`limlerge ajıratıladı.

Birinshi topar wazıypaları balalardın` o`z betinshe miynet iskerligine pedagogikalıq ta`sir ko`rsetiw menen belgilenedi.

1. Balalardı maqset qoyıwg`a, miynet uqıplılıqların, ko`nlikpe, miynet ma`deniyatı boyınsha kerekli materiallar ha`m miynet quralların tan`lap alıwg`a uyretiw.

2. Balalarda bolajaq miynet iskerligin qa`liplestiriw, miynet protsesslerin miynetke qatnasıwshılar ortasında bo`listiriw, miynetde jaqsı na`tiyjelerge erisiw uqıplılıqların qa`liplestiriw.

3. Miynet iskerliginin` da`slepki ja`miyetlik sebeplerin qa`liplestiriw, buyımlar ha`m ha`reketlerge qızıqıwshılıq oyatıw arqalı miynet na`tiyjelerine erisiw, ulken toparlarda bolsa miynettin` ja`miyetlik a`hmiyetli ekenligin tusinip jetiw.

Ekinshi topar wazıypaları ulkenler miynetine unamlı qatnastı ta`rbiyalawg`a qaratılg`an.

1. Balalarg`a ulkenlerdi qanday na`tiyjelerge erisiw ushın miynet etip atırg`anlıg`ın tusindiriw.

2. Balalarda miynetkeshlerge xurmetti, olarg`a qolınan kelgenshe ja`rdem beriw qa`lewshiligin ta`rbiyalaw.

3. Ulkenlerdin` miynet na`tiyjelerin asrab-abaylawga uyretiw.

Ushinshi topar wazıypaları miynet iskerliginde bala shaxsın qa`liplestiriwge qaratılg`an.

1. Balalarda miynetsu`wiwshilik, ha`r qanday miynetde qatnasıw, baslag`an isti aqırına jetkeriw ushın bar kushin ayamaw, o`z jeke minyetine qaray tuwrı qarım-qatnastı ta`rbiyalaw.

2. Juwapkershilik, o`z betinshelik, maqsetke qaratılg`anlıq, sho`lkemlestiriwshilik ha`m aktivlik, sabırlıq, shıdamlılıq sıyaqlı bala shaxsının` a`dep-ikramlılıq sıpatların ta`rbiyalaw.

3. Ma`deniy xulıq ha`m o`z ten`leslerine qarag`anda unamlı qarım-qatnastı ta`rbiyalaw, o`z-ara kelisilgen halda birge isley alıw, ja`ma`a`t islerinde na`tiyjege eriskenshe o`z miyneti menen qatnasıw, o`zi ha`m doslarının` miynetin shın kewilden bahalaw, ja`rdem beriw.

## 1.2. Balalardı u`lkenler miyneti menen tanıstırıwdın` a`hmiyeti

Mektepke shekemgi ta`rbiya ma`kemelerinde miynet ta`rbiyası eki bag`darda a`melge asırıladı.

1) Balalardın` o`zin miynetke uyretiw.

2) U`lkenler miyneti menen tanıstırıw.

Mektepke shekemgi ta`rbiya jasındag`ı balalardı ulkenler miyneti menen tanıstırıw arqalı olarg`a ulkenlerdin` miyneti ja`miyetlik paydalı miynet bolıp, zatlar ha`m buyımlardı jaratıwg`a qaratılg`anlıg`ı, olar ha`r bir insan ha`m putin xalıq ushın zarur ekenligi haqqında tusinik berip barıladı. Ma`selen, o`simliklerdi, haywanlardı qorg`aw arqalı olardın alınatug`ın mahsulot kimler ushın ha`m ne maqsette isletiliwi haqqında bilim ha`m tusinikler berip barıladı.

U`lkenlerdin` miyneti menen tanıstırıw u`lkenler miyneti haqqında anıq bilim ha`m ko`z aldına elesletiw, miynetti ha`m miynet na`tiyjelerin qa`dirlewge uyretiw, miynetke qızıg`ıw ha`m muhabbat oyatıw, miynet etiw umtılıwshılıg`ın ta`rbiyalaw ha`m isti sıpatlı orınlawg`a uyretiw.

U`lkenler miyneti menen tanıstırıwdın` tiykarg`ı mazmunı to`mendegilerden ibarat.

-ha`r bir insan miynetinin` ja`miyetlik negizi,

-miynetkeshler ortasındag`ı unamlı o`z-ara ja`rdem beriw qatnası,

-ha`r qanday ka`sip ha`m zarur ekenligin tusindiriw.

Miynet iskerliginin` tiykarg`ı bo`limleri menen tanıstırıw.

-miynettin` maqseti, onın` ja`miyetlik a`hmiyeti,

-materiallardı tan`law (miynet materialları),

-u`skenelew (miynet iskerligi ushın orınlanatug`ın miynet ha`reketleri).

-na`tiyje-miynet o`nimi.

«Balajan»[3] da`sturine muwapıq ha`r bir jas topardag`ı balalar u`lkenler miyneti haqqında to`mendegi bilimdi iyelep alıwı lazım:

Erte kishi toparda:

1. U`lkenler miynetine qızıg`ıwshılıqtı ta`rbiyalaw.

---

[3] Sh.Sodiqova, Maktabgacha pedagogika – T.: «Fan va texnologiya» - 2012 y. – 139 bet

2. Mektepke shekemgi ta`lim ma`kemesi xızmetkerlerinin` miynet protsesleri menen tanıstırıw.

3. Balalarg`a u`lkenlerdin` miynetin hu`rmet etiw sezimin qa`liplestiriw.

Kishi jas toparda:

1. U`lkenler miyneti na`tiyjesinde kerekli buyımlar, predmetler jaratılıwın tu`sindiriw.

2. Aspaz, kir juwıwshı, satıwshı, qurıwshı, aydawshı miyneti ha`m olardın` tiykarg`ı jumısları haqqında bilim beriw.

3. Jumıs na`tiyjesi ha`m onın` a`hmiyetin ajıratıp ko`rsetiwge u`yretiw.

4. U`lkenler miyneti ushın zarur bolatug`ın materiallar, insanlar miynetin jen`illestiretug`ın,miynet protsesi ha`m na`tiyjelerine erisiwdi tezlestiretug`ın mashinalar menen tanıstırıw.

5. Ha`r tu`rli transport quralları ha`m ka`sipler haqqında tusinik beriw. Balalardın` bul boyınsha bilimlerin ken`eytiw ha`m olardın` atların durıs aytıwga a`detlendiriw.

Orta toparda:

1. Balalarda u`lkenler miynetine hu`rmet ha`m qızıg`ıwshılıq sezimin ta`rbiyalaw.

2. Ag`ash u`stashılıg`ı miyneti menen tanıstırıw.

3. Diyxanlar miyneti haqkında qısqasha mag`lıwmat beriw.

4. Balalardın` o`z ta`rbiyashısı ha`m basqalar miyneti haqqında tusiniklerin ken`eytiw.

5. Balalardı u`lkenler miyneti menen tanıstırıw protsesinde olarda insan ha`m onın` miynetine hu`rmet sezimin qa`liplestiriwge itibardı ku`sheytiw.

U`lken toparda:

1. Balalardın` u`lkenler miyneti haqqındag`ı sa`wlelerin ulıwmalastırıw.

2. İslep shıg`arıw ka`rxanaları, qurılıslar, dalalarda islenetug`ın miynet haqqındag`ı bilimlerin jetilistiriw. Miynettin` usı jerde tarqalg`an tu`rleri menen balalardı jaqınnan tanıstırıw.

3. Olardı jaqın a`tiraptag`ı ka`rxanag`a alıp barıw (mebel`, avtomobil, televizor islep shıg`arıwshı ka`rxana h.t.b.)

4. Olar islep shıg`arıp atırg`an o`nimlerin ma`mleket xalkı ushın a`hmiyeti menen tanıstırıw.

5. Mashina on`lawshı, tigiwshi, nanbay, aspaz, boyawshı, shofyor sıyaqlı kasipler menen tanıstırıw.

6. Jumıstın` maqseti, na`tiyjesi ha`m olardın` jamiyet ushın a`hmiyeti, ha`r kıylı «aqıllı» mashinalardın` insanlar miynetin jen`illestiriw, zatlar sıpatın jaqsılaw ha`m islep shıg`arıwdı tezlestiriwdegi roli haqqında bilimlerin ken`eytiw.

Mektepke tayarlaw toparında:

1. Balalardı zergerlik, mıs ustası, gulalshı sıyaqlı xalıq o`nermentshiligi menen tanıstırıw.

2. Balalardı u`lkenler miyneti haqqındag`ı tu`siniklerin rawajlandırıw, insanlar miynetine hu`rmet sezimin ta`rbiyalawdı dawam ettiriw.

3. Balalarg`a diyhanshılıq, sharwashılıq haqqında so`ylep beriw ha`m olardı diyhan, sharwa ha`m bag`ban miynetinin` mazmunı menen tanıstırıw.

4. Bazar haqkında tu`sinik beriw.

5. Pochta baylanısı xızmeti menen tanıstırıw.

6. pochtanın` wazıypası ha`m a`hmiyeti haqqında mag`lıwmat beriw.

7. Telefon baylanısı ha`m telegrafshılar, olardın` miyneti, telefon xızmetinin` o`mirimizdegi a`hmiyeti haqqında mag`lıwmat beriw.

8. Buyımlardın` bir neshe tu`rli belgileri ha`m olardan paydalanıw haqqında tu`sinik beriw.

9. Materialdan islengen buımlar, olardın` tu`rleri ha`m  paydalanıw usılları haqkında tu`sinik beriw.

10. Temir ha`m ag`ashtan islengen buımlar, olardın` ha`m olardan tuwrı paydalanıw haqqında tusinikler payda etiw.

Mektepke shekemgi ta`lim ma`kemesinde balalardı u`lkenler miyneti menen tanıstırıw ha`r qıylı sho`lkemlestiriwshi jollar ha`m metodlar arqalı a`melge asırıladı. Birinshi jol – ekskursiya, shınıg`ıw, maqsetli seyiller arqalı balalardı u`lkenler miynetine jaqınlastırıw. Bunda baqlaw, kino ha`m diafil`m, diapozitiv, teleesittiriw, ko`rkem a`debiyat a`debiyat, ko`rgen ha`m esitgeni haqqında gu`rrin`, ta`rbiyashı

ha`m balalardın` gu`rrin`leri, ta`rbiyashının` gu`rrin`i ha`m tu`sindiriwi, didaktikalıq oyınlar sıyaqlı ha`r qıylı metodlardan paydalanıladı.

Ekinshi jol - shınıg`ıw ha`m shınıg`ıwdan tısqarı waqıtlarda u`lkenler miynetin balalarga jaqınlastırıw. Gigienalıq ha`m pedagogikalıq ta`repten mu`mkin bolg`an jumıslardı (imarattı tazalaw, ıdıs-tabaqlardı juwıw, juwılg`an kirlerge u`tik basıw, bayram kiyimlerin tigiw, balalar menen oyın, shınıg`ıw ushın kerekli materiallardı tayarlaw ha`m basqalar) balalar ko`z aldında orınlaw. Baqlaw, ko`resetip tusindiriw, gu`rrin`, ta`rbiyashının` so`ylep beriwi ha`m usı sıyaqlı materiallardan paydalanıladı. Baqlawdan keyin balalar menen usı sıyaqlı miynet tu`rlerin sho`lkemlestiriw maqsetqe muwapıq boladı, kitapxanag`a barıp kelgennen keyin jırtılg`an kitaplardı jamaw, modalar atel`esine barıp kelgennen keyin kuwırshaqqa kiyim tigiw h.t.b.

U`shinshi jol - balalardın` u`lkenler menen birgeliktegi miynetleri. Balalardın` u`lkenler menen birgeliktegi miynetleri ha`r qıylı bolıwı mumkin (xana o`simliklerin juwıw, imarattın` ishin tazalaw h.t.b.).

Balalardın` u`lkenler menen birgeliktegi miynetlerin sho`lkemlestiriw formaları ha`m is mazmunına qarap ha`r qıylı boladı.

1. Tiykarg`ı jumıstı u`lkenler orınlaydı, balalar qollarınan kelgenshe ja`rdem beredi.

2. Ta`rbiyashı jumıstı baslap beredi, qalg`anın balalar o`zleri o`z betinshe dawam ettiredi.

3. U`lkenler baslap beredi, balalar dawam ettiredi, keyin bolsa balalar ha`m u`lkenler birgelikte orınlaydı.

Balalar u`lkenler menen bigelikte miynet etiwleri arqalı minyet uqıplılıqları ha`m ko`nlikpelerin tez ha`m an`sat iyelep aladı, olardın` u`lkenler miyneti haqqındag`ı bilimleri bayıydı, bunday miynet balalarg`a quwanısh bag`ıshlaydı.

Balalardı u`lkenler miyneti menen tanıstırıwda ha`mme metod ha`m kurallardan ken` turde paydalanıladı.

Orta topar balaları menen asxanag`a ekskursiya sho`lkemlestirip, u`lkenler miyneti menen tanıstırıladı (u`lgi konspekt).

**Tema.** Aspazdın` miyneti.

*Maqset.* Balalardı aspazdın` miyneti menen tanıstırıw, balalarg`a onın` miyneti mazmunı, na`tiyjesi, a`hmiyeti haqqında bilim beriw, miynet protsesi, aspazdın` miynetin jen`illestiriwshi u`skeneler menen tanıstırıw.

*Ekskursiyanın` barısı.* Azang`a shaydan keyin ta`rbiyashı balalardı o`z a`tirapına toplap to`mendegi sorawlar boyınsha gu`rrin`lesedi.

1. Bu`gin bizler azanda ne jediq?

2. Awqat mazalı pisirilgen be?

3. Bizlerge azang`ı awqattı kim tayarlap berdi?

Balalardın` juwaplarınan keyin ta`rbiyashı balalarg`a so`ylep beredi. Azang`ı awqat, tu`ski awqat, keshki awqattı baqshada aspaz tayarlaydı. Aspaz ha`mme awqatlar mazalı, shıraylı, o`z waqtında tayar bolıwı ushın ha`reket qıladı. Aspaz asxanada isleydi. Bizlerdin` baqshamız asxanasında eki aspaz isleydi. Biz sizler menen asxanag`a barıp, aspazlarımız qanday islep atırg`anın ko`remiz. Olardın` islerine kesent bermeslik ushın o`zlerin`izdi a`depli tutın` ha`m a`sten so`ylesin`. Asxanag`a barg`anımızda aspazlarg`a «Assalamu aleykum» deysizler.

Balalar asxanag`a barıp aspazlarg`a sa`lem beredi. Aspazlar ha`m balalardın` salamına alik alıp, ishkerige - asxanag`a mira`a`t etedi.

Ta`rbiyashı aspazlarga sizler balalarımızg`a juda` mazalı awqatlar pisirip beresizler, bunın` ushın sizlerge u`lken rahmet. Olar sizler tayarlag`an awqatlardı ishteyi menen jep salamat ha`m bekkem bolıp o`spekte. Olar sizlerdin` awqatlardı qanday tayarlaytug`ınıg`ızdı ko`rmekshi.

Aspaz balalarg`a asxananı, ol jerdegi u`lken plitanı, stollar, ıdıslardı ko`rsetedi ha`m atın aytadı. Keyin bunday deydi, «Plitanın` u`stinde turgan u`lken kazanda sizlerge suyıq awqatlardı tayarlaymız. Bu`gun tu`ski awqatg`a mashaba pisiremiz». Og`an ketetug`ın zatlardı balalarg`a ko`rsetip, atın aytadı. Zatlardın` qaysısın qanday isletiwdi ko`rsetedi ha`m so`ylep beredi, kartoshkanı tazalap, juwadı, onı mine bunday formada kesiledi, piyazdın` sırtın tazalap juwadı ha`m mine bunday tuwraladı h.t.b. Keyin kartoshka tazalaytug`ın mashinanı isletip ko`rsetedi, balalar elektr go`sh maydalag`ıshtı ko`redi, keyin balalar aspazlardın` awqat tayarlawın ko`redi.

Juwmaqlawshı gurrin`. Ta`rbiyashı, aspazımız ha`r bir awqat ushın kerekli zatlardı tan`lap aladı ha`m olarg`a islew beredi, tazalaydı, pıshaq penen kesedi, qamır iyleydi, quwıradı, pisiredi. Aspaz ushın qanday asbaplar kerek. (Balalardın` juwapları).

Ta`rbiyashı. Demek, aspazg`a plita, stollar, ıdıslar ha`m ha`r qıylı asbaplar kerek (ha`mmesinin` atın ta`kararlaydı). Aspazg`a qanday mashinalar ja`rdem beredi (Balalardın` juwapları).

Ta`rbiyashı. Kartoshkanı tazalaw juda` qıyın ha`m og`an ko`p waqıt ketedi. Go`shti maydalaw ha`m qıyın, qamır iylew ha`m kush ha`m waqıttı talap etedi. Bul jumıslardı an`sat ha`m tez orınlawda aspazlarg`a mashinalar ja`rdem beredi (atın aytıp shıg`adı). Aspazlarımız qanday isleydi. (Balalardın` juwapları).

Ta`rbiyashı. Aspazlarımız o`z-ara birgelikte bizlerge awqatlardı tez ha`m mazalı etip tayarlap beredi. Asxananı ko`rin` ha`mme jaq taza, ha`mme ıdıslar, kiyimleri ha`m taza.

Aqırında aspazlar balalarg`a oyınshıq ıdıslar sawg`a etedi ha`m mine endi sizler awqatlardı qanday tayarlawdı bilip aldın`ız, quwırshaqların`ızg`a mazalı awqatlar tayarlap berersizler, dep aytadı.

Ta`rbiyashı ha`m balalar aspazlarg`a ha`mme xızmetleri, sawg`aları ushın minnetdarshılıq bildiredi ha`m xoshlasıp shıg`ıp ketedi.

Solay etip, u`lkenler miyneti menen tanıstırıw balalardın` miynet ha`m a`dep-ikramlılıq ta`rbiyasının` bir bo`legi esaplanadı.

## 1.3. Mektepke shekemgi ta`lim ma`kemelerinde balalar miynetin sho`lkemlestiriw formaları

Mektepke shekemgi jastag`ı balalar miynetin sho`lkemlestiriwde o`z-o`zine xızmet etiw, xojalıq miynet, ta`biyat qushag`ındag`ı miynet ha`m qol miyneti tu`rlerinen paydalanadı.




***O`z-o`zine xızmet etiw.*** Bul balalar miynetinin` bir turi bolıp, bunda balalar erte jasınan baslap o`z betinshe awqatlanıwg`a, juwınıwg`a, kiyiniw ha`m sheshiniwge, oyınshıqların jıynastırıp qoyıwg`a uyretiledi. O`z-o`zine xizmet etiw protsesinde balalarda o`z betinshelik, belgili maqset penen ha`reket etiw sıyaqlı sıpatlar qa`liplesedi, balalar qollarınan kelgen isti o`zleri orınlawg`a u`yrenedi. O`z-o`zine xızmet balalarda a`piwayı miynet turlerine qarag`anda qızıg`ıwshılıq oyatadı, ta`rtipli bolıwg`a, a`deplilikke u`yretedi.

***Balalar xojalıq miyneti*** mektepke shekemgi ta`lim ma`kemesinde ha`m shan`araqta alıp barıladı. Onın` mazmunı ha`r qıylı boladı. Xana ha`m mektepke shekemgi ta`lim ma`kemesinde maydanshasın jıynastırıw, shay ıdısların, quwırshaq kiyimleri, mayda zatlardı juwıw, shınıg`ıwg`ı kerekli materiallardı tayarlap qoyıw, shınıg`ıwdan keyin stol u`stindegi zatlardı jıynastırıp alıw h.t.b.

***Ta`biyattag`ı miynet*** balanın` ha`r ta`repleme rawajlanıwında za`ru`r a`hmiyetke iye bolıp, o`simlik ha`m haywanlar, jıl ma`wsimleri, jansız ta`biyat haqqındag`ı bilimler tiykarı, balalarda miynetsu`yiwshilikti, ta`biyatqa abaylı qarım-qatnasıqtı ta`rbiyalaw

kuralı, sonın` menen birge balalar miynetinin` bul tu`ri arqalı topraqtı egiwge tayarlaw, o`simlik ha`m haywanlardı asıraw sıyaqlı bir qansha miynet uqıplılıqları  ha`m ko`nlikpelerin iyelep aladı. Miynetin` tiykarınan ashıq hawada sho`lkemlestiriliwi balalar organizmin shınıqtıradı, olardın` den sawlıg`ın  bekkemleydi.

Ta`biyattag`ı miynet balada biliwge qızıg`ıwshılıqtı rawajlandırıwda ha`m za`rur a`hmiyetke iye. Balalar janlı ob`ekttin` o`siwi ha`m rawajlanıwın baqlawdı, ayrım o`simlik ha`m haywanlardın` o`zgesheliklerin bilip aladı, ta`jiriybelerdi o`tkeriwde qatnasadı.

***Qol miyneti*** - shınıg`ıw, oyınlarg`a miynet iskerligi ushın za`ru`r bolg`an oyınshıq ha`m qurılmalardı tayarlaw boyınsha balalar miyneti (qag`az qıyındıların taslaw ushın, o`simlik  da`neleri ushın kutıshalar, quwırshaq kiyimleri, qalpaqshalar ha`m usıg`an uqsas zatlar tayarlaw).

Qol miynetin orınlaw arqalı bala na`tiyjege erisedi – zat ha`m buyımlar  payda boladı. Balalar jabıstırıw, boyaw, qırqıw, shege qag`ıw, tigiw ha`m usıg`an uqsas a`piwayı miynet uqıplılıqları ha`m ko`nlikpelerin iyelep aladı. Olarda do`retiwshilik, tapqırlıq, ziyreklik sezimleri rawajlanadı.

Miynet iskerligi-ha`r qıylı miynet protseslerinen sho`lkemlestirilgen, ha`r qıylı miynet tu`rlerin birlestiriwshi ken` tu`sinik. Miynet potsesi - miynet iskerliginin` o`zine say bir bo`legi bolıp, onın` quramında bolsa miynet iskerliginin` ha`mme bo`limleri, miynettin` maqseti, material ha`m miynet qural-jaraqlar, bir na`tiyjeni ju`zege keltiriw maqsetinde erisiw ushın sarıplanatugın barlıq miynet ha`reketleri, miynet sebepleri ha`m miynet o`nimleri da`rha`l ko`zge taslanadı.

Miynet iskerligin iyelew - bul birinshi gezekte miynet protsesin onın` bo`limleri menen birgelikte iyelep alıw. Sog`an qarap balalardın` miynet ta`rbiyası wazıypaları belgilenedi ha`m olar to`mendegilerden ibarat.

1. Balalardı bolajaq miynet iskerligi aldınan maqset qoyıwg`a u`yretiw.

2. Miynet protsesin, miynet iskerligin en` a`piwayı rejelestirip alıwg`a u`yretiw.

3. O`z jumıs ornın tayarlap alıwg`a, miynet ma`deniyatına u`yretiw.

4. Miynet uqıplılıqları ha`m ko`nlikpelerin u`yretiw.

5. Orınlang`an miynettin` na`tiyjesi, sıpatı ha`m a`hmiyeti qansha waqıtta orınlang`anına qarap o`zinin` ha`m basqalardın` jumısın durıs bahalawg`a u`yretiw.

6. Miynet iskerligi sebeplerin qa`liplestiriw.

7. Ja`ma`a`t miynet iskerligi waqtında balalarda unamlı qarım qatnasıqlardı qa`liplestiriw.

Maqset qoyıw u`lkenler mira`a`t etken maqsetti qabıl etiwden baslap o`zi o`z betinshe maqset qoya alg`ansha rawajlanıp baradı. Balalardın` o`z aldılarına maqset qoyıp is orınlawların rawajlandırıw ushın to`mendegilerge a`mel etiw za`rur:

-balalar miynet etiwden koyılg`an maqsetti tu`sinip jetiwleri kerek (ne ushın ol yamasa bul jumıstı orınlawları kerek, onnan ku`tiletug`ın na`tiyje qanday ),

-ku`tilgen na`tiyjeni su`wret, qurılma ha`m usı sıyaqlı ta`rizinde ko`rsetpeli sa`wlelendirip biliw,

-jumıstın` mo`lsherlengen waqtında orınlanıwı,

-balalar ku`shi jetetug`ın jumıslardı islew (ma`selen, o`simliklerdi suwg`arıw, olarg`a g`amhorlıq etiw ha`m usıg`an uqsaslar) kerek. Bala o`z miynetinen belgili bir na`tiyjege iye bolıwdı an`lap jetken ta`g`dirde g`ana ol miynet iskerliginin` maqsetin o`z betinshe belgileydi ha`m qa`lewi menen miynet etedi.

Miynet uqıplılıqları ha`m ko`nlikpelerin iyelep alıw-mektepke shekemgi ta`rbiya jasındag`ı balalar miynet protsesinin` za`ru`r bo`limi esaplanadı. Eger bala miynet ha`reketlerin bilmese, ol hesh qashan miynet na`tiyjesine erise almaydı. Balalar miynet uqıplılıqları ha`m

ko`nlikpelerin iyelep alg`anda g`ana miynet protsesin shın kewilden orınlaydı. Ma`selen tigiwde jipti o`lshep kesip alıw, iynege o`tkeriw, u`shın tuyiw, tigiw, oyınshıq jasaw ushın bu`giw, taxlaw, muyeshlerin bu`giw, qırqıw, tigiw sıyaqlı miynet ha`reketlerin iyelep alıwları kerek boladı. Bul is ha`reketlerin belgili ta`rtip penen orınlaw ushın ha`r bir bala o`z miynet iskerligin rejelestirip ala biliwi kerek.

Miynet protsesin rejelestiriw to`mendegilerdi o`z ishine aladı, maqset qoyıw, miynet iskerligi ushın kerekli is quralların tayarlap alıw, qaysı ha`reketlerdi qaysı izbe-izlikte orınlaw kerekligin ha`m onnan ku`tiletug`ın na`tiyjeni anıqlap alıw, jumıs ornın jıynastırıp qoyıw.

Da`slep miynet iskerligin rejelestirip alıwda balalarg`a ta`rbiyashı u`yretedi, miynet maqsetin tu`sindiredi, kerekli materiallardı, miynet quralların tan`laydı ha`m onı ha`r bir bala aldına tayarlap beredi ha`m balalarg`a miynet iskerligi protsesin qanday ta`rtipte orınlaw kerekligin tu`sindiredi.

Orta ha`m u`lken toparlarda bul ha`reketlerdi o`z betinshe orınlawg`a u`yretedi. Bunın` ushın balalarg`a to`mendegi sorawlar berip barıdı:

1. Bizler ne qılamız?

2. Bunın` ushın ne qılıwımız kerek?

3. Jumısımız ushın neler – qanday materiallar, qanday is quralları kerek?

4. Bul material ha`m is qurallarınan paydalanıw qolaylı bolıw ushın olardı is ornımızda qanday jaylastırıwımız kerek?

5. Jumıstı neden baslap, qanday dawam ettiriwimiz kerek?

6. Jumıstı qanday tamamlaymız?

Miynet iskerligin rejelestirip alıwg`a u`yretiw miynetti sıpatlı orınlawg`a ha`m miynet ma`deniyatına u`yretedi.

Na`tiyje - miynet iskerliginin` za`ru`r bo`limi bolıp, onı balalar sanalı turde an`lap jetiwleri kerek.

Na`tiyjege erisiw balalarda miynet etiw ko`nlikpelerin, miynetsu`yiwshilikti ta`rbiyalaydı, miynet ha`reketlerin sıpatlı orınlawg`a u`yretedi.

Miynettin` sebebi, yag`nıy bala ne ushın miynet etiwdi biliwi kerek. Bul to`mendegi shart-sharayat ta`sirinde rawajlanadı.

1. Balalar miynet na`tiyjesin ha`m onın` ja`miyetlik negizin biliwleri kerek.

2. Balalar islegen zatlardan baqshada, shan`araqta paydalanıw kerek.

3. Balalardın` ja`miyetlik-paydalı miynetin a`meliy ta`repten sho`lkemlestiriw.

4. Balalar miynetinin` na`tiyjesin, onın` basqa insanlar ushın paydasın bahalaw.

Mektepke shekemgi ta`rbiya jasındag`ı balalar miynetinin` tiykarg`ı formaları to`mendegilerden ibarat, o`z-o`zine xızmet etiw, tapsırmanı orınlaw, jeke ta`rtiptegi miynet, na`wbetshilik, qol miyneti boyınsha shınıg`ıwlar, ja`ma`a`t miyneti. O`z-o`zine xızmet, tapsırmanı orınlaw, mektepke shekemgi ta`rbiya jasındag`ı balalar miynet iskerliginin` baslawısh forması esaplanadı.

O`z-o`zine xızmet etiw balalar miynetinin` forması sıpatında jas toparlarda sho`lkemlestiriledi. Ol ku`n ta`rtibindegi uyqı ha`m seyilden aldın ha`m keyingi protsesler, awqatlanıw, qiyiniw ha`m sheshiniw, kiyim ha`m deneni taza tutıw menen baylanıslı.

Jas toparlarda tapsırmalardan paydalanıladı, ol jeke ta`rtipte ha`m toparlı bolıwı mumkin. Kishkene toparlarda balalarga onsha kuramalı bolmag`an ha`m qısqa muddetli tapsırmalar beriledi «Oyınshıqtı, kitaptı, stuldı alıp kel, ornına aparıp qoy, tuski awqat ushın stol ustine qasıqlardı qoyıp shıq». Bunday tapsırmalardı ayırım balalar toparlardan tısqarı orınlarda ha`m orınlawı mu`mkin.

Orta ha`m u`lken toparlardag`ı balalarg`a beriletug`ın tapsırmalar bir qansha kuramalı bolıp, olar endi xanadan tısqarıda orınlawg`a

mo`lsherlengen ha`m ekinshi bir insang`a mura`ja`a`t etiw menen baylanıslı boladı, ma`selen, basqa topardın` ta`rbiyashısına, shıpakerge, miyirbiybeke mura`ja`a`t etiw h.t.b.

Bul toparlarda tapsırmalar 2-3 baladan sho`lkemlesken kishi toparlar ta`repinen orınlanıwı mumkin (oyınshıqlardı jıynastırıw, gullerge suw quyıw, tusken japıraqlardı terip, tiyisli jerge alıp barıp taslaw sıyaqlı).

Mektepke tayarlaw toparında beriletug`ın tapsırmalar ja`ne ha`m kuramalasadı. Bunday tapsırmalar endi juwapkerlik ha`m basqa insanlarg`a mehribanlarsha qarım-qatnasıqta bolıw sezimin qa`liplestiriw menen baylanıslı bolıwı mumkin, kishkene topar balaların seyilge shıg`ıwdan aldın, uyqıdan keyin kiyiniwge ja`rdem beriw, olardın` stolın tu`slik awqatqa tayarlap beriw h.t.b.

Tapsırma uzaq waqıt orınlanıwı mumkin. Ma`selen, belgili bir gul yamasa bir qansha guller bir ha`pte dawamında qaraw yamasa bul is uzaqraq sozılıwı mumkin.

Ta`rbiyashı balalardın` tapsırmanı orınlanıwına basshılıq etiw menen ha`m a`dep-ikramlılıq, ha`m miynet ta`rbiyasının` za`rur ta`replerin a`melge asıradı, miynette qatnasıw tilegin, doslarına g`amhorlıq ha`m itibar menen qaraw ruwhın sin`diredi, balalardı ten`lesleri ha`m u`lkenler menen o`z-ara jaqsı qarım-qatnasıqta bolıwg`a a`detlendiredi, tapsırılg`an isti bursh ha`m juwapkershilikti seziw sezimin na`tiyjege erisiwde sawatlılıqtı ta`rbiyalaydı.

Na`wbetshilik - bul ja`ma`a`t ushın mo`lsherlengen miynet iskerliginin` forması bolıp, ol ma`jburiy ta`rtipte orınlanadı. Balalardın` na`wbetshiligi ekinshi kishi toparda jıl aqırınan baslanadı.

Barlıq balalardın` miynette ha`r dayım qatnasıwların ta`miyinlew ushın na`wbetshiliktin` ha`r qıylı turleri sho`lkemlestiriledi, asxanada (ha`mme jas toparlarda), shınıg`ıwg`a tayarlanıwda (orta topardan baslap), o`simlik ha`m haywanlardı qarawda (ulken ha`m mektepke tayarlaw toparlarında).

Ekinshi kishi topardag`ı balalar asxanada na`wbetshilik etedi. Birden 4-5 bala na`wbetshilik etiwi mumkin, ha`r bir bala 1-2 stoldı bezeydi. U`lken ha`m tayarlaw toparlarında balalardın` wazıypaları ken`eyedi. Azang`ı ha`m tuslik awqatqa, tusten keyin ha`m keshki awqatqa da`sturxan bezew, awqatlanıp bolg`annan keyin ıdıs-tabaqtı awqat tartılatug`ın stolg`a jıynastırıp, stollar u`stin tazalap alıw. Bul jastag`ı balalar ekewden na`wbetshilik etedi, biraq ha`r bir balanın` is ko`lemi ko`beyedi.

Shınıg`ıwlarg`a tayarlıq boyınsha na`wbetshilik etiw orta toparlarda - balalar asxanada na`wbetshilik etiwdi bilip alg`annan keyin kirgiziledi. Bul na`wbetshilik stol ha`m stullardı, shınıg`ıwg`a kerekli materiallardı, qollanbalardı shınıg`ıwg`a tayarlaydı ha`m xananı ta`rtipke saladı.

U`lken toparlardan baslap balalar ta`biyat muyeshinde na`wbetshilik ete baslaydı. Na`wbetshiliktin` bul turi ha`m ta`rbiyalıq, ha`m bilimlendiriw a`hmiyetine iye.

Na`wbetshiliktin` bul turinde balalar ekewden tayarlanada, birewi o`simliklerdi qorg`asa, ekinshisi hawanlarga qaraydı. Olardan qaysı biri bos qalsa ekinshisine ja`rdem beredi.

Na`wbetshiliktin` ha`mme turi jaqsı sho`lkemlestirilgende paydalı boladı. Na`wbetshilikti baslawdan aldın «Bizler na`wbetshilik etemiz» degen temada shınıg`ıw o`tkeriw mu`mkin. Ma`selen, ta`biyat mu`yeshinde na`wbetshilikti baslawdan aldın ta`rbiyashı shınıg`ıw o`tkerip, balalardı ta`biyat mu`yeshinde neler bar ekenligi, o`simlik ha`m hawanlardı qanday qaraw haqqında gu`rrin` o`tkeredi. Ta`rbiyashı ta`biyat mu`yeshinde jasawshılardı ha`r ku`ni ha`m tuwrı bag`ıw, o`simliklerdi sug`arıw ha`m juwıw, kurg`ag`an shaqa ha`m japıraqlardı qırqıwg`a dıqqattı qaratadı, is usılların tu`sindiredi.

Ta`rbiyashı balalardı o`simlik ha`m haywanlardı bahlawg`a, o`zgerislerin anıqlap barıwg`a, ta`biyat mu`yeshindegi o`simlik ha`m haywanlarg`a g`amhorlıq penen qarım-qatnasta bolıwg`a, olarda ju`z

beretug`ın o`zgerislerdi ko`re biliw ha`m olar haqqında aytıp beriwge u`yretedi.

Mektepke tayarlaw toparı balaları haywanlarg`a awqat beriw waqtın, sıpatın, awqattı o`z betinshe tayarlawdı, qoralardı tazalawdı biliwler kerek.

Na`wbetshilerdin` wazıypası ha`m orınlag`an istin sıpatı baqlap barıladı. Bunday baqlawda balalardın` o`zleri qatnassa ja`ne ha`m jaqsı boladı.

Geyde na`wbetshilerdin` is na`tiyjeleri balalardın` u`yge ketiwleri aldınan dodalanadı. Ta`rbiyashı balalarg`a bu`gun na`wbetshiler o`z waqtında keldime, olar ha`mme isti orınladıma, azang`a, tu`slik awqatqa stol durıs bezeldime? Na`wbetshiler ha`mme na`rseni waqtında orınlap, oynawg`a ha`m u`lgerdime? Kim jaqsıraq ha`m shıraylı orınlaydı ? sıyaqlı sorawlar beredi ha`m olar isti bahalaydı. Na`wbetshiler ha`r kuni almastırılıp turıladı, bul ha`r bir balanın` na`wbetshiliktin` ha`r qıylı turlerinde qatnasıwg`a ha`m turli miynet uqıplılıqların iyelep alıwg`a imkaniyat jaratadı.

Na`wbetshilik jumısları balalardın` den sawlıg`ına zıyan tiygizbeytug`ın etip sho`lkemlestiriw kerek. Na`wbetshilik ushın ha`mme kerekli u`skeneler bolıwı lazım, balalar olardan o`z betinshe, abaylap paydalanıwg`a, jumıstan keyin ornına jıynastırıp qoyıwg`a u`yretiledi.

A`sirese na`wbetshilerdi toparg`a bo`liwge itibar beriw ju`da za`rur. Passiv balalardı aktiv balalar menen, na`wbetshilikti endi baslag`an balalardı ta`jiriybeli balalar menen birge qosıw kerek. Biraq bunda aktiv balalardın` passiv balalar jumısın orınlawg`a jol qoymaw kerek. Na`wbetshilerdi tan`law ha`m tayınlaw ha`r qıylı bolıwı mumkin. Balalardın` qa`lewine qarap stollar boyınsha, dizim boyınsha, a`sten na`wbetshilik etiw balalar o`zleri eslep qaladı ha`m usı ta`rtip penen barıwın baqlap baradı.

Na`wbetshilerdin` barlıg`ı basqa balalar ha`mme jumıstan azat bolıwın bildirmeydi, awqattı jep bolg`an ha`r bir bala o`zinin` ıdısın stoldın` ortasına taqlap qoyadı, salfetkanı ha`m belgili jayg`a qoyadı, stul jerge surip qoyıladı. Na`wbetshiler ıdısların arnawlı tarqatıw stolı ustine alıp barıp qoyadı, stol ustnndegi usaqlardı arnawlı shetka menen ıdısqa jıynap aladı. Shınıg`ıwdan keyin ha`m usı jag`day ta`kirarlanadı, ha`r bir bala o`zinin` ka`lemin ıdısqa salıp qoyadı ha`m t.b. En` za`rurlisi – balalarda o`z-ara mehr-muhabbattı ta`rbiyalaw, bir-birinen qolınan kelgen ja`rdemin ayamawg`a u`yretiw kerek. Bulardın` ha`mmesine ta`rbiyashı basshılıq etedi.

Balalardın` miynet ta`rbiyasın sho`lkemlestiriw formalarınan ja`ne biri qol miyneti boyınsha shınıg`ıw. Bilim ha`m uqıplılıq birinshi ma`rte berilip atırg`an bolsa ha`m ol tu`sindiriw ha`mde barlıq balalarg`a ko`rsetpeli etip ko`rsetiwdi talap etken jag`daylarda mine usınday shınıg`ıwlar o`tkeriledi.

Balalardın` ja`ma`a`t miyneti da`stlepki ja`ma`a`tshilik tiykarların qa`liplestiriwde za`rur a`hmiyetke iye. Ja`ma`a`t miynetinde birgelikte ha`reket etiw, o`z-ara ja`rdem, usı menen birge miynet bo`listiriliwi ha`m birikken boladı. Bunda miynet jetiskenliklerinen birgelikte quwanadı, is jaqsı shıqpasa birgelikte qayg`ıradı.

Miynette balalardın` birlesiwleri ta`rbiyalıq wazıypag`a qarap ha`r bir formada boladı. Birgeliktegi miynette ha`mme balalar bir jumıstı orınlaydı, biraq ha`r birewi usı ulıwma istin` bir bo`limin orınlaydı. İstin` bunday sho`lkemlestiriliwi balalardı miynet uqıplılıqlarına u`yretiwde ha`m, olardın` isin baqlap turadı.

«Ulıwma mynette» ha`r bir bala o`z jumısın orınlaydı, biraq aqırında ha`mme qatnasıwshılar miyneti ulıwmalastırıladı. Yamasa ha`mme balalar topar xanasın jıynastıradı - ha`r bir bala bir jumıstı orınlaydı, jıynastırıp bolıng`annan keyin, na`tiyje bir etip juwmaqlanadı («Ha`mme jaqsı isledi, sonın` ushın topar xanası taza, shıraylı bolıp qaldı»).

Birgeliktegi miynet to`mendegishe sho`lkemlestiriliwi mumkin ma`selen, xananı jıynastırıwda balalardın` birewi oyınshıqlardı juwadı, ekinshisi artadı, u`shinshisi oyınshıq taxtasın tazalaydı ha`m og`an oyınshıqlardı teredi. Yaki ta`biyattag`ı mynette birewi tubeklerge kum ha`m topıraqlardı saladı, ekinshisi da`n yamasa na`ldi o`tırg`ızadı, u`shinshisi ornına alıp barıp qoyadı. Bul jerde balalardın` is ha`reketinde o`z-ara kelispewshilik bolıwı, yag`nıy ha`r bir bala bir formada shaqqanlıq penen ha`reket etiwleri kerek, bunın` na`tiyjesinde belgili miynet qarım-qatnasıqları ju`zege keledi. Bunday jag`dayda ta`rbiyashının` balalar ortasında tuwrı qarım-qatnas ornatıwga qaratılg`an basshılıg`ı za`rur.

Bunday basshılıq, belgili izbe-izlikte a`melge asırıladı.

1. Miynet uqıplılıqların qa`liplestiriw.

A) Miynet protsesinde yamasa tapsırmalardı orınlawda balalardı jeke yamasa kishi toparlarg`a bo`lip, miynet uqıplılıqlarına u`yretiw.

B) Balalarda miynet uqıplılıqların bekkemlew, is sıpatın jaqsılaw maqsetinde arasında erte, seyil waqıtlarında birgeliktegi miynetti sho`lkemlestirip turıw.

V) Balalardı u`lkenlerdin` miynet protsesleri menen tanıstırıp barıw, is qanday izbe-izlikte orınlanıp atrg`anın, onı orınlaw ta`rtibi, istin` sıpatı, miynet na`tiyjesinde a`piwayı na`rselerden shıraylı buımlardın` payda bolıwı h.t.b.

G) Ayrım miynet uqıplılıqlarına u`yretiw boyınsha shınıg`ıwlar sho`lkemlestiriw.

2. Balalardın` ulıwma miynetin sho`lkemlestiriw.

A) Balalarg`a u`lkenler miynetinin` ja`ma`a`t xarakterinde ekenligin tu`sindiriw.

B) Balalar miynetin ulıwma maqset penen sho`lkemlestiriw. Bunda balalardın` ha`r birine kim qaysı isti orınlawı kerekligi tu`sindiriledi (ma`selen, topar xanasın jıynaw).

V) Barlıq topar balaların ulıwma miynetti sho`lkemlestiriw. Bul u`sh na`rseni itibarg`a alg`an halda sho`lkemlestiriledi:

1) miynetti qatnasıwshılar ortasında tuwrı bo`listiriw;

2) wazıypanı orınlaw protsesi;

3) miynet na`tiyjesin dodalaw.

3. Balalardın` birgeliktegi miynetin sho`lkemlestiriw.

A) Ta`rbiyashı balalarg`a bir neshe insanlar birgelikte bir isti orınlap atırg`anın, olardın` isi bir-birine baylanıslıg`ı, olardan ha`r biri ulıwma istin` bir bo`limin orınlap atırg`anın, is qanday izbe-izlik penen a`melge asırılıp atırg`anın tu`sindiredi.

B) Balalardın` kishkene topar ı menen olardın` birgeliktegi miynetin sho`lkemlestiriw. Bunday miynet azanda, seyil waqtında sho`lkemlestiriledi.

Balalardın` miynet iskerligin rejelestirgende ta`rbiyashı onı miynet protsesinde a`melge asırılatug`ın ta`rbiyalıq wazıypalarına ko`re belgileydi.

Mektepke shekemgi ta`lim ma`kemesinde miynet ta`rbiyasının` wazıypası ha`m mazmunı jetiskenlikli a`melge asırıw ushın kerekli shart-sharayatlar jaratılıwı kerek. Balalar miyneti ushın jay ha`m waqıt, gigienalıq shart-sharayatlar jaratılıw kerek, tazalıq, taza hawa kerekli da`rejede jarıqlıq, miynettin` balalar imkaniyatına muwapıq bolıwı, mynet waqtın balalar jasına qarap tuwrı belgilew (kishi jastag`ı balar ushın 10-12 minut, u`lken topar balaları ushın 15-20 minut), balalar ha`reketlerin almastırıp turıwı ha`m itibarg`a alıwı kerek.

Miynet balalarg`a quwanısh bag`ıshlaytug`ın etip rejelestiriliwi lazım. Ol belgili izbe-izlik penen a`melge asırıp barıwı kerek.

Miynet etiwi ushın ha`mme balalarg`a jeterli da`rejede kerekli qurallar, a`sbaplar, olar balalardın` jasına, imkaniyatına say keliwi, o`zleri o`z betinshe paydalang`an etip jaylastırılıwı kerek. Na`wbetshiler ushın fartukler, qalpaqsha, ıdıs-tabaq juwıw ushın klenkadan fartukler za`rur. Awqat tayarlaw ushın kishkene pıshaqlar,

tarelkalar, oqlawshalar, qamır iylew ushın tabaqlar kerek boladı. Xananı tazalaw ushın tryapka, kishkene la`gen, stoldan usaqlardı jıynap alıw, poldı sıpırıw ushın shetkalar kerek. Kir juwıw ushın la`gen, kishkene utyug taxtası, kiyim tazalaw ushın shetka, sipse, tigiw ushın sadepler salıng`an kutısha, iyne, jip, material bo`lekleri, oyınshıqlardı jasaw ha`m sıng`anların, buzılg`anların duzetiw ushın arnawlı stol yamasa taxtasha, baltalar, shege, karton, jip, arkan, shırpı kutıları, konfet, duxi qutıları h.t.b. za`rur. Topar xanasında ta`biyat mu`yeshinde, baqsha maydanında islew ushın bel, sipse, zangi, shelek, suw quyg`ısh kerek boladı. Ha`mme u`skeneler balalar alıp paydalanıwı ushın qolaylı jerde saqlanıwı kerek. Barlıq buyımlar jumsap bolg`annan keyin tazalap ornına qoyıladı.

Balalardı miynetsu`yiwshilikke ta`rbiyalawda u`lkenlerdin` bir-biri menen o`z-ara doslıq qarım-qatnasıqları birgelikte islesiwi unamlı na`tiyje beredi. A`sirese ta`rbiyashının` u`lgisi, ha`r qanday mynetke karag`anda hujdan menen qarım-qatnası onın` ha`r qıylı ka`sip iyelerine hurmet penen qarawı u`lken a`hmiyetke iye.

Miynet ta`limi protsesinde ha`m onı sho`lkemlestiriwdin` ha`mme formalarında ha`r qıylı metod ha`m usıllardan paydalanıw za`rur a`hmiyetke iye, bular to`mendegiler:

-ha`r bir miynet protsesin u`lgi ko`rsetiw arqalı tu`sindirip barıw,

-bolajaq miynet iskerligi haqqında onın` o`nimin ko`rsetiw arqalı gu`rrin` o`tkeriw,

-ta`rbiyashının` gu`rrin`i,

-balalardın` o`z betinshe islewlerin shınıqtırıw,

-oyın-shınıg`ıwlar ha`m didaktikalıq oyınlar.

Barlıq miynet prpotsesin ha`m onın` ayrım bo`limlerin ko`rsetiw, tu`sindiriw, esletiw, baqlaw, o`z-o`zin baqlaw, orınlang`an isti bahalaw a`sirese za`rur.

Miynet uqıplılıqlarına u`yretiwde ko`rsetpe beriw usılı za`rur a`hmiyetke iye. Ha`mme uyretiw usılları ha`m metodlardan u`nemli paydalanıw balalardın` miynet ta`rbiyasında jaqsı na`tiyje beredi.

Balalardı miynetsu`yiwshilikke tarbiyalawda mektepke shekemgi ta`lim ma`kemesi menen shan`araqtın` o`z-ara birgelikte is alıp barıwları za`rur. Ma`jlisler, a`debiy-pedagogikalıq kesheler, soraw-juwap kesheleri, miynet ta`rbiyasının` ha`r qıylı ma`seleleri boyınsha ata-analar konferentsiyaları, ko`rgizbeler, stendler sho`lkemlestiriledi. Ata-analar ushın esletpeler shıg`arıladı. Aldın`g`ı ta`jiriybeler u`yrenilip ulıwmalastırılıp barıladı.

Miynet ta`rbiyası ma`seleleri mektepke shekemgi ta`lim ma`kemesi jıllıq rejesinde sa`wlelendiriledi ha`m ta`rbiyashılarg`a miynet ta`rbiyasın tuwrı rejelestiriw ha`m a`melge asırıwg`a ja`rdem beredi.

Mektepke shekemgi ta`lim ma`kemeside miynet ta`rbiyasın tuwrı sho`lkemlestiriw ha`m og`an basshılıq etiw jas a`wladtı ha`r ta`repleme ta`rbiyalaw wazıypaların a`melge asırıwg`a ja`rdem beredi.

Solay etip, balalardı miynetsu`yiwshilikke ta`rbiyalawda o`z-o`zine xızmet etiw, xojalıq miynet, ta`biyat qushag`ındag`ı miynet ha`m qol miynetinin` u`lken a`hmiyetke iye bolıp tabıladı.

## Birinshi bap boyınsha juwmaklaw

Balalar miynetinin` za`rur belgisi onın` belgili maqsetke qaratılg`anlıg`ı. Kishi baqsha jasındag`ı balalardın` miyneti bir protseske say ha`reket bolıp, ol tek g`ana ulkenlerdin` basshılıg`ı na`tiyjesinde g`ana a`melge asırılıwı mumkin.

Kishi baqsha jasındag`ı balalar miynetinin` tiykarg`ı turi o`z-o`zine xızmet. Bul kishi balalar ushın mashaqatlı is. Sonın` ushın bul jastag`ı balalardı miynetin` bul turine uyretiwde ko`binese oyın jag`daylarınan paydalanıladı

Mektepke shekemgi ta`rbiya ma`kemelerinde miynet ta`rbiyası eki bag`darda a`melge asırıladı.

1) Balalardın` o`zin miynetke uyretiw.

2) U`lkenler miyneti menen tanıstırıw.

Mektepke shekemgi jastag`ı balalar miynetin sho`lkemlestiriwde o`z-o`zine xızmet etiw, xojalıq miynet, ta`biyat qushag`ındag`ı miynet ha`m qol miyneti tu`rlerinen paydalanadı.

Miynet ta`limi protsesinde ha`m onı sho`lkemlestiriwdin` ha`mme formalarında ha`r qıylı metod ha`m usıllardan paydalanıw za`rur a`hmiyetke iye, bular to`mendegiler:

-ha`r bir miynet protsesin u`lgi ko`rsetiw arqalı tu`sindirip barıw,

-bolajaq miynet iskerligi haqqında onın` o`nimin ko`rsetiw arqalı gu`rrin` o`tkeriw,

-ta`rbiyashının` gu`rrin`i,

-balalardın` o`z betinshe islewlerin shınıqtırıw,

-oyın-shınıg`ıwlar ha`m didaktikalıq oyınlar.

Demek, mektepke shekemgi ta`lim ma`kemeside miynet ta`rbiyasın tuwrı sho`lkemlestiriw ha`m og`an basshılıq etiw jas a`wladtı ha`r ta`repleme ta`rbiyalaw wazıypaların a`melge asırıwg`a ja`rdem beredi.

## 2 Bap. Mektepke shekemgi jastag`ı balalardı miynetsu`yiwshilikke ta`rbiyalawda qorshag`an ortalıqtın` a`hmiyeti

### 2.1. Balalardı muynetsu`yiwshilikke ta`rbiyalaw

G`a`rezsiz O`zbekstan Respublikamız ushın jas a`wladtı ha`r ta`repleme jetik insan etip ta`rbiyalaw o`mirdin` za`rur wazıypalarınan biri esaplanadı. Mektepke shekemgi ta`rbiya jasındag`ı balalar miynetinin` mazmuni «Balajan» tayanısh bag`darlamasında ha`r bir jas toparına ayrıqsha ko`rsetip o`tilgen. Miynet iskerliginde ha`m balalardın` miynet protsesinde payda bolatug`ın jeke pazıyletlerge qoyılatug`ın talaplardın` a`ste-aqırın quramalasıp barıw ma`selelerine ha`m ayrıqsha itibar qaratıladı. Balalarda mektepke shekemgi jastan a`piwayı miynet ko`nlikpelerin ja`ma`a`tshilik ha`m doslıq sezimlerin qa`liplestiriw balalardı jaqsılıq ha`m doslıqqa u`yretiw mekteptegi miynetke tayarlaw za`rur.

Balalarda u`lkenler miynetine unamlı qarım-qatnas ha`m qızıg`ıwshılıq erte payda boladı. Balalar u`lkenlerdin` du`n`yasına, iskerligine tezirek aralasıwdı qa`leydi. Mektepke shekemgi jastag`ı balalardı miynetke ta`rbiyalaw protsesinde tek g`ana en` a`piwayı a`sbaplarda islew ko`nlikpelerin u`yretip qoymastan, al sol waqıtta bala ushın za`rur a`dep-ikramlılıq sıpatlardı: o`z betinshelik, maqsetke umtılıw, tapsırılg`an is ushın juwapkershilikti seziw maqsetke erisiw ushın qattıqollıq ten`leslerine miyrimlik ha`m t.b. sin`diriw ha`m za`rur.

Miynetsu`yiwshilikti, miynetke qızıg`ıwshılıqtı ta`rbiyalawda balanın` o`z iskerligi na`tiyjesinen bir pu`tin o`niminen ha`m og`an berilgen bahadan minnetdar bolıwı za`rur a`hmiyetke iye. Miynet tu`rin tan`lawda balalardın` qızıg`ıwshılıg`ı, olardın` paydalı miynet haqqındag`ı sa`wlelerin esapqa alıw kerek. Miynet ta`rbiyası jas a`wladtı ka`mil insan etip ta`rbiyalawdın` za`rur ta`replerinin` biri. Mektepke shekemgi ta`lim ma`kemesindegi miynet ta`rbiyası balalardı u`lkenler miyneti menen tanıstırıw, analardın` o`zlerinin` qollarınan keletug`ın miyneti iskerligine tartıwdan ibarat. Balanın` miynet haqqındag`ı tu`sinigi tek g`ana a`ste-aqırın` u`lken adamnın` ol haqqındag`ı ko`z aldına keltiriwine jaqınlasıp baradı. Miynet tu`rin tan`lawda jumıstın` ko`pshilik bolıp orınlaytug`ın formasın tan`law lazım. Ko`pshilik bolıp islenetugın miynet ko`birek ta`rbiyalıq a`hmiyetke iye. Balalardın` o`z aldına maqset

qoyıwın jumıstı o`z-ara bo`listiriwi jumıs protsesinde o`z-ara ja`rdem formaların belgilewi ha`mde ha`r bir bala o`z wazıypasın unamlı ha`m hu`jdanı menen orınlawı za`rur. Mine sonday jolg`a qoyılg`an miynet ju`da` u`lken a`hmiyetke iye. Balalarda o`mirlik sho`lkemlestiriwshilik uqıplılıqlardı rawajlandıradı, sanalı ta`rtipke u`yretedi. Sho`lkemlestiriwshilik penen sho`lkemlestirilgen miynet sonday-aq, balanın` o`z ku`shine tuwrı baha beriwine ha`m ja`rdem beredi.

Mektepke shekemgi ta`lim ma`kemesindegi miynet ta`rbiyasının` zaman talapları tiykarında alıp barılıwı ha`zirgi ku`n ta`rtibinde turg`an aktual mashqalalardan biri. Balalar miyneti olarg`a turmıslıq ta`jiriybe, tu`sinikler beriw ha`m balalardın` do`retiwshiligine tiykarlang`an iskerliginin` za`rur quralı esaplanadı. A`sirese, a`dep-ikramlılıq ta`rbiya beriwde onın` a`hamiyeti u`lken. Birgelikte miynet etiw protsesinde balalarda o`z-ara ja`rdemlesiw sıyaqlı ja`ma`a`tshiliktin` da`slepki ko`nlikpeleri payda boladı. Sonday-aq olarda ta`rtip, o`z betinshelik, qıyınshılıklardı jen`iw, sabırlılıq, jumıstı jaqsı orınlaw sıyaqlı sezimler ta`rbiyalanadı. Balalar miynetinin` u`lkenler miynetine qarag`anda o`zine sa`ykesligi sonda, onda miynettin` na`tiyjeli juwmag`ı da`rhal payda bola bermeydi. Da`slepki basqıshlarında balalar miyneti ko`birek oyın formasında sho`lkemlestiriledi. Kishi mektep jasındag`ı balalardın` miynet iskerligi sheklengen bolıp, tiykarınan o`z-o`zine xızmet ko`rsetiw miynetinen ibarat. U`lkenrek balalar miynetine ha`m oyın elementleri kiritiledi. Ma`selen: 5-6 jastag`ı balalar maydanshanı tazalawg`a ja`rdemlesedi, japıraqlardı sıpırıp, tazalaydı, sho`pler, mayda taslardı terip, tasıydı. Miynet dawamında oyınshıq jasaw ha`m onın` menen oynasa ha`m boladı. Sog`an qaramastan miynetti ha`r dayım oyıng`a aylandıra beriw ha`m tuwrı emes. Balalardın` miyneti olardın` jasına ko`re a`ste-aqırın u`y wazıypası, mazmunı ha`m o`zine say sho`lkemlestiriwshi formalarg`a iye bolıp baradi. Ha`r bir bala qızıg`atug`ın ha`m ulıwma maqsetlerin sheshiwge belgili na`tiyjelerge erisiwge bag`darlang`an ja`ma`a`t miyneti u`lken ta`rbiyalıq a`hmiyetke iye. Ta`rbiyashı balalarg`a basshılıq etip, topardag`ı barlıq balalar ulıwma bir isti orınlawı kerek bolsa, usı topardı bir neshe kishi toparlarg`a bo`lip ha`r bir toparg`a istin` belgili bir bo`legi tapsırıladı. Ma`selen: bir topar balalar baqsha maydanshasın sıpırıp tazalawg`a qatnassa basqaları miweli terekler tu`bin

jumsatadı. İsti da`slep bolg`an topar balaları basqalarg`a ja`rdem beriwleri mu`mkin. Miynetti bunday bo`listiriw ko`birek u`lken toparg`a sa`ykes. Birgelikte orınlang`an jumıslar tawsılg`annan keyin, ha`r bir balanı yamasa toparlardın` miynetin bahalaw, kim ko`birek jumıs orınlag`anın, kim o`z jumısın jaqsı ha`m tez tamamlag`anın doslarına ja`rdemleskenin yamasa tek g`ana buyrıq berip, hesh na`rse islemegenin, erinsheklik etip o`zin shetke alg`anın belgilep barıw maqsetke muwapıq boladı.

Balalarg`a da`slepki tu`sinikler beriletug`ın ha`m olarg`a jan`a bilim beriwge tiykarlang`an, geybir miynet tu`rlerin shınıg`ıwlarda orınlaw ko`zde tutıladı. Bul ko`birek ta`biyat qoynında orınlaytug`ın miynetke say. Ma`selen: piyaz egiw, tereklerdin` tu`bin jumsatıw sıyaqlı jumıslar usılarg`a kiredi. Ayrım jag`daylarda ko`p tapsırmalar shınıg`ıwlardan tısqarı waqıtlarda ha`m rejelestiriledi. Ma`selen: xojalık jumıslarınan xanasın jıynastırıw, quwırshaqlardın` kiyimlerin juwıw protsesinde ta`rbiyashının` itibarı ha`m basshılıg`ı talap etiledi.

Balalar miyneti ushın za`rur sha`rt-sharayattı jaratıw jumıs ornı menen ta`miyinlew, ku`ndelik ta`rtibinen waqıt ajıratıw, balalardın` imkaniyatlarına ha`m olardın` ku`shine tuwrı keletug`ın a`sbap-u`skeneler tan`lay biliw, bul a`sbap-u`skenelerdi balalar ushın qolaylı jerge jaylastırıw barlıq gigiena talaplarına a`mel etiw tazalık, taza hawa, imarattın` tuwrı jaq`ı alıwı. Miynet tapsırmaları ha`r bir balanın` jasına tuwrı keliwi, orınlaw mu`ddetinin` tuwrı bo`listiriliwi miynet islep atırg`anda deneni tuwrı tutıwg`a itibardı qaratıw.

Jan`a bag`darlamada ko`rsetilgenindey, balalarg`a beriletug`ın miynet ta`rbiyası balanı qorshag`an ortalıq tiykarında sho`lkemlestiriliwi za`rur a`hmiyetke iye. Bul orında milliy kesteshilik, zergerlik ha`m usı sıyaqlı xalq o`nermentshiligi ha`m tu`rli ka`sipler menen tanıstırıw, belgili miynet ta`rbiyası ayrım jag`daylarda kompleks shınıg`ıwlar ta`rizinde yamasa ku`ndelik turmıs protsesinde a`melge asırılıp barıladı. Kompleks shınıg`ıwlar balalardın` miynet ta`rbiyası boyınsha alg`an bilim ha`m uqıplılıqlarına turmıslıq ta`jiriybelerge tiykarlang`an jag`dayda sho`lkemlestiriledi ha`m o`tkeriledi. Shınıg`ıwlardı rejelestiriw ha`m onı alıp barıwda ta`limnin` en` za`rur wazıypalarınan bolg`an aqılıy iskerlik erkin pikir ju`ritiw, iyelengen bilim ha`m payda bolg`an ko`nlikpelerden balalar o`z jumısları protsesinde na`tiyjeli paydalana alıwları lızımlıg`ı ta`rbiyashının` ha`r dayım dıqqat itibarında bolıwı

lazım. Eger balalar ta`rbiyashının` ko`rsetpelerin tu`sinbesten sezimlersiz mexanikalıq ra`wishte orınlawg`a a`detlenip qalsa, ol jag`dayda bunday ta`lim-ta`rbiya balanın` o`siwine ha`r ta`repleme unamlı ta`sir ko`rsetiwin umıtpaw kerek. Balalardın` oylawları, eslerine tu`siriwleri, salıstırıwları janlı sezimlik so`ylewleri arqalı o`z baqlawları haqqında gu`rrin` aytıp beriwleri ju`da` za`rur.

## 2.2. Balalarda qorshag`an ortalıq haqqındag`ı tu`siniklerin qa`liplestiriwde ta`biyattın` ta`rbiyalıq imkaniyatları

Ha`zirgi waqıtta mektepke shekemgi jastag`ı balalardı oqıtıw orınlarında ta`rbiyalaw protsessinde balalardı ha`r ta`repleme yag`nıy fizikalıq, aqlıy, a`dep-ikramlılıq, miynet, estetik ha`m ekologik jaqtan ta`rbiyalaw a`melge asırılıp atır.

Ha`r qanday balanın` do`retiwshiliginin` tiykarın balanın` ta`biyattın` bir bo`legi bolg`an qorshag`an ortalıq penen tanısqandag`ı alg`an bilim ha`m ko`nlikpeleri quraydı. Ruwxıy ta`rbiyalaw balanın` ko`z-qarasın ken`eytip, ta`biyat tanıwshılıg`ın aktivlestiredi.

Mektepke shekemgi jastag`ı balalardı ta`biyat penen tanıstırıw olardı predmetler, janlı ha`m jansız ta`biyat haqqındag`ı belgili bir ko`lemdegi bilim menen ta`miyinleydi. Bul protses balalarda ta`biyattı o`zlestiriw uqıbın ha`m ta`biyatqa durıs qatnastı ta`rbiyalaydı.

Balalardı ta`biyat penen tanıstırıw olardı ha`r qıylı jastag`ı toparlarg`a bo`lip belgili da`stur boyınsha o`tiledi. Ol balalardı u`zliksiz tu`rde ta`biyattı o`zlestiriwin ta`miyinleydi.

2-3 jastag`ı balalarg`a o`simlikler, haywanlar ha`m jansız ta`biyat tanıstırıladı. Olarg`a zatlardı alıstan tanıwdı, ayırım o`simliklerdin` belgilerin (ren`in, japıraqların, gu`llerin) ayırıw ha`m durıs aytıwdı, haywanlardın` dawısın ha`m ha`reketlerin, olardın` jasaw sha`rayatların (balıq suwda jasaydı) u`yretedi. Bunda balalardın` esitiw ha`m ko`riw analizatorları qa`liplesedi. Gu`zetip atırg`an ob`ektine qızıg`ıwshılıg`ı ha`m dıqqatı artıp, olarg`a bolg`an jaqsı qatnasıg`ı rawajlanadı.

4 jaslı balalarda olar o`mirinde ha`r ku`ni ushırasatug`ın predmetler ha`m ta`biyattın` ja`nliklerin ko`z aldına keltiriw qa`liplesedi.

Balalardı baqlawg`a, o`simliklerdin`, haywanlardın` belgilerin ajıratıp, anıqlap, sezimtallıq etalonlardı (ren`, forma, ko`lem) paydalanıwg`a, ob`ektlerdi sırtqı belgiler boyınsha toparlarg`a bo`lip, olardı salıstırıwg`au`yretedi. Oqıw protsessinde balalarda ha`r na`rsege qızıg`ıp u`yreniwdin` joqarı formaları qa`liplesedi.

5 jasqa kelgen balalarda ko`rsetpeli-obrazlı pikirlewdin` joqarı forması qa`liplesedi. Olar ulıwmalasqan bilimlerdi tez o`zlestirip ala aladı. Bul jag`day olarda

ta`biyatta ju`z berip atırg`an nızamlılıqlardı sa`wlelendiretug`ın ko`z-qarastı payda etedi. Balalardı o`simlikler ha`m haywanatlardın` xarakterli o`zgesheliklerin ajıratıwg`a ha`m olardın` jasaw sha`rayatlarınan g`a`rezliligin anıqlawg`a u`yretedi.

Mektepke shekemgi jastın` aqırına taman balalarda logikalıq pikirlewdin` elementar forması rawajlang`an bolıw kerek: analiz ha`m sintezge qa`bilet, o`simlikler ha`m haywanlardın` individual ha`m ulıwma belgilerin ajıratıp biliw ha`m ulıwmalastırıp biliw. (mısalı, haywanlardı awqatlanıw, ha`reket etiw, awqat tabıw, jasaw ornı, ha`r qıylı toparlarg`a ulıwmalastırıw).

Balalardı ta`biyat qubılısları ta`biyiy sebeplerge g`a`rezliligin bildiretug`ın juwmaqqa keltiriw kerek. (mısalı, o`simlikler ha`m haywanlar o`mirinde o`zgerisler quyashqa, jaqtılıqqa ha`m jıllılıqqa g`a`rezli boladı)

Mektepke baraman degenshe balalarda ta`biyatqa degen muxabbat ha`m abaylı qatnas rawajlang`an bolıwı kerek, ta`biyatta go`zzallıqtı ko`re biliw kerek.

Qorshap turg`an ta`biyattı u`yreniw protsessi balalardın` ha`r ta`repleme rawajlanıwının` bir qatar ma`selelerinin` sheshimin na`zerde tutadı. Ol balalardın` aqılıy rawajlanıw salasın g`ana qamrap qoymay, al o`simlikler ha`m haywanatlar du`n`yasının` wa`killerine insanıylıq qatnastı qa`liplestiriwge ja`rdem beredi.

Ta`biyattı u`yreniw haqqında mag`lıwmatlar menen bir qatarda pedagog balalarg`a ta`biyatta adamlardın` o`zin tutıw qag`ıydaların anıqlawshı bilim beriwi sha`rt.

Mektepke shekemgi jastag`ı balalar u`lken toparg`a jetkende ta`biyatqa qanday qatnasta bolıw kerekligi haqqında mag`lıwmatqa iye boladı.

Pedagogtın` sistemalı tu`rde miynet etiwinin` arqasında balalar barlıq tiri janzatlarg`a unamlı qatnasta bolıwdın` qag`ıydaların o`z betinshe ajıratıp biledi. (o`simliklerdi suwg`arıp turıw, to`gin to`giw, qısta quslarg`a g`amxorlıq etiw h.t.b.)

Biraq ta`biyat ob`ektlerine o`z betinshe qatnasta bolıw ha`mme balalarda birdey jeterli da`rejede rawajlanbag`an. Bala ko`shede ju`rgen jalg`ız pıshıqtın` balasın qapa qılmawı mu`mkin, biraq onı awqatlandırmaydı da. Terektin` shaqaların sındırmaydı, biraq sınıq shaqalardı baylamaydı da.

Qorshap turg`an ortalıqqa haqıyqıy qatnastı ta`rbiyalaw, haywang`a yaki o`simlikke ja`rdemge kelip biliw, olarg`a qarap turıwdın` ko`nlikpelerinin` rawajlanıwı – bulardın` barlıg`ı balalar baqshalarında sheshiliwi kerek.

Mektepke shekemgi mekemelerdegi a`meliy xızmetkerleri aldında ju`da` u`lken a`hmiyetli ma`sele turıptı – balalarda unamlı-baqlawshılıq emes, al unamlı-iskerli qatnastı ta`rbiyalaw. Ha`r bir balanın` a`dep-ikramlılıq normalarına boysıng`an halda o`simlikler ha`m haywanlar menen qarım-qatnasta bolıwın uqtırıwg`a qatan` itibar beriw kerek.

Bul qag`ıydalar negativ halda emes (julma, baspa, sındırma), al unamlı halda (gu`llerde asıra, gu`lda`ste ushın tek g`ana bir neshe danası al, h.t.b.) qa`liplesiwi maqsetke muwapıq. Sol waqıtta bul qag`ıydalardı ug`ıp alıwı tezirek ha`m an`satıraq boladı.

Qag`ıydalar balalarg`a tu`rli jollar menen jetkerilip beriledi: konkret o`mirden alıng`an jag`daylarda, pedagogtın` tu`sindiriwi arqalı, ko`rkem a`debiyat arqalı.

Bunday jag`daylarda pedagogtın` roli ju`da` u`lken: ol balalardın` an`ına haywanlar menen qarım-qatnas jasaw qag`ıydaların sin`diredi, balalardın` pozitsiyasın bahalaydı, durıs sheshim qabıllawg`a ja`rdem beredi, ha`r bir balada haywanlar o`miri ushın juwapkershilikti qa`liplestiredi.

Balalardın` tiri ta`biyat mu`yeshinde jumıs islewi ayrıqsha pedagogikalıq dıqqattı talap etedi. Ekskursiyadan, seyilden qaytqanda alıp kelingen ja`niwarlar ha`m o`simliklerdi taslap jiberiwine jol qoymaw kerek.

Mektepke shekemgi jastag`ı balalardı ta`biyat mu`yeshinde jumıs islewinin` tiykarg`ı motivi bul mu`yeshtin` turg`ınlarının` ja`rdemge mu`ta`jligi, olardın` sanın asırap qalıw. Bul balalardan tapsırmalardı ha`m na`wbetshiliklerdi sap hu`jdanlılıq penen orınlawdı talap etedi.

Aqıllılıqtı ham a`dep-ikramlılıqtı ta`rbiyalawda ma`selelerdi birlikte sheshiw ushın ta`biyat haqqında a`dep haqkında sa`wbetler u`lken a`hmiyetke iye. Bunday sa`wbetler ushın ko`rkem a`debiyatlar, ta`rbiyashının` gu`rrin`leri, balalardın` o`mirinen alıng`an konkret waqıyalar material bola aladı. A`dep haqqında sa`wbetlerdin` maqseti – minez-qulıq normaları haqqındag`ı bilimlerin bekkemlep

g`ana qoymastan, al shıg`armada su`wretlengen konkret waqıyanı balanın` o`mirden alg`an ta`jiriybesi menen salıstırıwdan ibarat.

Bunday sa`wbetten keyin balalar o`mirde ushırasatug`ın jag`daylarda qanday ha`reket etiw kerekligin ko`z aldına ayqın keltire aladı. Bul pedagogtı shıg`armanın` mazmunın talıqlaw ushın du`zilgen sorawlar qatarında Balanı oylawg`a, ha`r bir jag`dayda qolay ha`reket etiw kerekligi haqqında pikir ju`rgiziwge jetekleytug`ın sorawlarg`a bas qatırıwg`a shaqıradı.

A`dep haqqında sa`wbetler ushın tan`lang`an ko`rkem shıg`armalar o`zin-o`zi uslawdın` tayar sheshimin bermey, analizlep, ba`sekilesip, pikirlesiwge ma`jbu`rleytug`ın bolıwı sha`rt.

Balalarda logikalıq pikirlewge ha`m olarda ta`biyatqa a`dep-ikramlı qatnasta bolıwdı qa`liplestiriwge do`retiwshilik aytıp beriwler ja`rdem beredi.

Ta`rbiyashının` bergen temasına balalar o`zleri gu`rrin`ler oylap tabıwı kerek. Mısalı, ta`biyatqa ja`rdem bergen qız ha`m bala haqqında.

Mektepke shekemgi jastag`ı balalardı aqılıy jaqtan ta`rbiyalaw ma`selelerin sheshiwde balalardı so`ylep beriwge, olar menen sa`wbetler o`tkiziwge itibar beriw kerek. Sebebi so`z pikirlew menen tıg`ız baylanısta boladı.

Balalardı ta`biyat haqqında so`ylep beriwge u`yretkende gu`rrin`lerdin` tu`rlerine u`lken itibar beriw kerek. Balalar ob`ektti u`yrengende, ta`rbiyashı olardın` dıqqatın analizlew-sintezlewge qaratıwı lazım.

Mektepke shekemgi jastag`ı balalardı aqılıy jaqtan ta`rbiyalawda qorshap turg`an ta`biyat ayrıqsha orın tutadı. Bala en` birinshi reet shekshektin` shırıldag`anın, qardın` mayda-mayda sulıw bo`lekshelerden turatug`ının ko`rip u`lken jan`alıq ashqanday boladı. Usılay etip ta`biyattag`ı ha`r bir qubılıs balanın` qızıg`ıwshılıg`ın oyatadı. Mektepke shekemgi jastag`ı balalar u`lken qızıg`ıwshılıq penen qorshap turg`an du`n`yag`a qaraydı, biraq barlıq na`rseni ko`re bermeydi. Geyde en` baslı na`rsege itibar bermewi de mu`mkin. Sonday waqıtta ta`rbiyashı janında bolsa ko`p na`rsege basqasha ko`z qarasta bolıwdı u`yretedi.

Balalardı aqılıy jaqtan ta`rbiyalaw olardın` pikirlewin ha`m so`ylewin rawajlandırıwdı na`zerde tutadı. Pikirlew ha`m so`ylew bir-biri menen tıg`ız baylanıslı. Pikirlewdi teren`lestiriw ha`m jetilistiriw onı so`z benen jetkerip beriwge

tikkeley ta`sir jasaydı. so`yley beriwdi rawajlandırıw menen birge aqılıy miynettin` ko`nlikpeleri payda boladı, analizlew, tu`sindiriw, da`lillew, pikirlew uqsag`an qa`biletler jetilistirip barıladı.

Balada pikirlew ha`m so`ylewdi rawajlandırıw ushın sezimlerge bay ta`jiriybe bolıwı kerek. Bul ta`jiriybeni ol ha`r qıylı predmetlerdi, ta`biyat du`n`yasın, ja`miyetlik o`mirdi qabıllaw waqtında toplaydı.

Balanın` sensorlıq rawajlanıwı – bul onın` qabıllawının` rawajlanıwı, predmetlerdin` sırtqı qa`siyetleri haqqında ta`sirlerdin` qa`liplesiwi: olardın` forması, ren`i, ko`lemi, ken`islikte jaylasıwı, sonın`day iyisi, da`mi h.t.b.

Sensorlıq rawajlanıw balanın` ulıwma aqılıy rawajlanıwının` fundamentin quraydı. Ekinshi ta`repten o`z betinshe a`hmiyetke de iye. Sebebi, tolıq qabıl etiw balanı baqshada, mektepte tabıslı oqıtıw ushın za`ru`r.

Predmetlerdi ha`m qorshap turg`an du`n`yanın` qubılısların qabıllawdan ulıwma u`yreniw baslanadı. U`yreniwdin` barlıq basqa formaları – este saqlaw, pikirlew, ko`z aldına keltiriw – obrazlardı qabıllaw tiykarında qurıladı, olardı qayta islep shıg`arıw na`tiyjesi bolıp tabıladı.

Balanı sensorlıq rawajlanıwının` a`hmiyeti mektepke shekemgi ta`rbiyanın` aldına to`mendegi ma`selelerdi maqset etip qoyadı: balalar baqshasında sensorlıq ta`rbiyanın` en` paydalı quralları ha`m metodların islep shıg`ıp ha`m paydalanıw.

Sensorlıq ta`rbiyanın` baslı bag`darı balanı sensorlıq ma`deniyat penen qurallandırıwdan ibarat.

«Sensorlıq ma`deniyat» tu`sinigi mektepke shekemgi pedagogikag`a M.Montessoridin` miynetleri arqalı kirip keldi. Ol bunday ma`deniyatqa iye bolıw ushın sistemalı tu`rde balanın` seziw organların shınıqtırıp turıwdın` o`zi jeterli dep esapladı. (predmetlerdin` formaların, ren`in, ko`lemin ayırıw)

Bala o`mirinde formalardın`, boyawlardın` ha`m predmettin` basqa da qa`siyetlerinin` ko`p tu`rliligi menen ushırasadı.

Sensorlıq ta`rbiyada balalar sensorlıq etalon haqqında tu`sinik qa`liplesiwi u`lken a`hmiyetke iye. Sensorlıq ren` etalonı sıpatında spektrdin` jeti ren`i ha`m olardın` tu`rleri (toyg`ınlıg`ı ha`m ashıqlıg`ına qaray), forma etalonı sıpatında –

geometriyalıq figuralar h.t.b. Sesti qabıllawdın` o`z etalon tu`rleri boladı, da`m seziwdin`, iyis seziwdin` o`z etalonları boladı.

Ha`r bir jas gruppasında sensorlıq ta`rbiya aldında ma`seleler turadı, sensorlıq ma`deniyattın` belgili bir bo`legi qa`liplesedi: geometriyalıq figuralardan o`simliklerdin` applikatsiyaları du`ziledi, ha`r qıylı geometriyalıq figuralardan qoyanlar, pıshıqlar, iytlerdin` applikatsiyaları du`ziledi.

Ta`biyiy material sensorlıq ta`rbiyalawdın` metodikasın oyınshıqlar sog`ıw maqsetinde rawajlandıradı.

Ta`biyattanıwg`a tiyisli didaktikalıq oyınlar ha`m shınıg`ıwlar 3-5 jastag`ı balalar ushın sensorlıq ta`rbiya boyınsha ha`r qıylı jastag`ı gruppalarg`a bo`linedi, al ha`r bir gruppa ushın – predmetlerdin` sırtqı qa`siyetlerinin` tu`rleri boyınsha, bul ob`ekttin` ren`i, ko`lemi, forması.

Predmet ha`m sırtqı tu`rdin` qubılısları haqqında anıq su`wret mektepke shekemgi jastag`ı balalardın` an`ında sa`wleleniwi – balalar baqshasında ta`rbiyalawdın` ha`m oqıtıwdın` a`hmiyetli ma`selelerinin` biri.

Sho`lkemlestirilmegen sezimtallıq qabıllaw ballada anıq su`wretlerdin` sa`wleleniwin ta`miyinlemeydi. Ta`rbiyashı, kishkene balalardın` baqlawların sho`lkemlestirip ha`m basqara otırıp olarda qorshap turg`an ortalıq haqqında durıs ta`sirlerdi qa`liplestiredi.

Toparda ta`biyat ob`ektlerine turaqlı qızıg`ıwshılıq penen qaramaytug`ın balalar da ushırasadı. Bunday balalardı ta`rbiyashı baqlawg`a u`yretip, o`z betinshe islegen baqlawların marapatlap, keyin alg`an ta`sirlerin basqa balalarg`a aytıp beriwge a`detlendiriw kerek. Balalardı qızıqtırıwdın`, qollap-quwatlawdın`, qızıg`ıwshılıg`ın bekkemlewdin` en` paydalı usıllarının` biri baqlawlarda ta`rbiyashının` tek o`zinin` qatnasıwı bolıp tabıladı.

Ta`rbiyashının` baqlaw barısında ko`rsetken quwanıshı, hayran qalıwı balalarda o`simlikler ha`m haywanlar haqqında elede ko`birek biliwge qızıg`ıwshılıq oyatadı. Balanın` betinde quwanıshtın`, qanaatlang`anlıqtın` belgisin anıq ko`riwge boladı.

Qon`ızdı, gu`ldi yamasa sulıw tastı ko`rip ju`rip, bir baladan ekinshi balag`a o`tip atırıp ta`rbiyashı o`zinin` baqlawg`a tikkeley qatnasının` u`lken a`hmiyetke iye ekenligine gu`wa boladı.

Bir waqıtları balalar bir ko`rsetken zatın ja`ne ko`rsetip ju`riwi mu`mkin, sonday waqıtta ta`rbiyashı bilmegen adam uqsap, onın` quwanıshın bo`lisiwi kerek.

Mektepke shekemgi jastag`ı balalarda qızıg`ıwshılıq qattı ku`shli boladı. Seyildin` waqtında ko`binese baqlawlar balalardın` initsiativası menen baslanadı. Ha`r bir ta`rbiyashı bunday baqlawlardan ko`plep mısallar keltire aladı. Birew sulıw gu`belekti uslap, onın` ne menen awqatlanatug`ınına qızıg`adı. Iynelikler ne jeydi? Iynelikler – bular gu`belekler me ya joq pa? Bul sorawlardın` beriw ushın balalar ta`rbiyashıg`a qaray juwıradı ha`m onın` tu`sindirip beriwin ku`tedi. Bilgir, o`zinin` isin su`yiwshi ta`rbiyashılar barlıq waqıtta juwap tawıp, balalarg`a bul ob`ektler haqqında so`z etip beredi.

Ha`r qıylı baqlawlar balalarda haywanlarg`a degen miyrimli qarım-qatnasta bolıwdı ta`rbiyalaydı.

Ta`biyattı jaqsı biliw ta`rbiyashıg`a balalardı ta`biyat haqqında durıs tu`sinikke iye boldırıwg`a ja`rdem beredi ha`m kerisinshe, bilimi az bolsa ta`rbiyashı balalar menen jumıs islegende qıynaladı. Ta`biyattanıw boyınsha biliminin` sayız bolıwı ta`rbiyashının` ob`ektlerge durıs emes ta`riyip beriwine alıp keledi. Bunday ta`rbiyashılarob`ektti tanıstırg`anda bul «gu`belek, qon`ızaq, qurt, sho`p, gu`l» dep aytıw menen sheklenedi. Biraq, biz bilemiz, ta`biyatta ha`r na`rsenin` o`zinin` atı bar, o`zine ta`n qa`siyeti bar.

Balalarda qorshap turg`an ta`biyat haqqında durıs tu`sinik payda etiw ushın ta`rbiyashı baqlaw waqtında to`mendegi usıllardı qollanıwı kerek:

1. baqlaw ushın ob`ektti tan`lap aladı
2. balalarda bul predmetler haqqında bilimlerdin` ko`lemin ha`m sapasın bilip aladı
3. berilgen ob`ektler haqqında balalardın` yadındag`ı mag`lıwmatlardı janlandırıp ha`m tiklep, olardı tolıqtırıwı kerek.
4. baqlaw protsessinde izbe-iz berilgen bir qatar sorawlardın` ja`rdeminde
5. balalardı baqlawlardın` na`tiyjelerin ko`rsetiwge shaqırıw

Ku`ndelikli o`mirde ekskursiyalarda, baqlawlarda predmetlerdi qabıllawda oqıwshılar olardın` uqsaslıqların tabadı. Olarda en` a`piwayıtu`sinikler qa`liplesedi. Pikirlew protsessinde balalarda konkret tu`sinikler payda boladı.

Balalardın` ta`biyattanıwdı u`yreniw protsessinde alg`an tu`sinikleri geografiyalıq ha`m biologiyalıq bolıp bo`linedi.

Ta`biyattanıwg`a tiyisli tu`sinikler – bul pu`tin ob`ektler, qubılıslar, predmetler toparı haqqında bilimlerdin` ulıwmalastırılıwı.

Tu`siniklerdi ko`z aldına keltiriwlerden ajıratıp biliw kerek. Tu`sinik – pikirlew o`nimi. Ko`z aldına keltiriw – seziw, eslew organlarının` islew o`nimi. Tu`sinikler qabıllanıp ha`m ko`z aldımızg`a keltirilip atırg`an predmetler u`stinde pikirlewdin` jumısı na`tiyjesinde payda boladı.

Qabıllawlar ha`m ko`z aldına keltiriwler tek g`ana birlik predmetlerdin` obrazları bolıp tabıladı. Tu`sinikler ja`miyetlik mazmundı sa`wlelendiredi. Mısalı, japıraq tu`sinigi barlıq tereklerdegi, sho`plerdegi, putalardag`ı japıraqlardın` ba`rin ko`zde tutadı.

Orta toparda balalar o`simlikler ha`m haywanlar haqkında ta`biyattanıwg`a tiyisli ulıwma elementar tu`siniklerge iye boladı. Bul qorshap turg`an du`n`ya menen tanısıw, ertekler ha`m gu`rrin`ler oqıw, ta`biyattı baqlaw tiykarında a`melge asırıladı. Tayarlıq toparında balalar ta`biyat haqqında konkret tu`siniklerge ta`jiriybeler o`tkergende, baqlawlar barısında iye boladı.

Ta`rbiyashıg`a ulıwma tu`siniklerdi qa`liplestiriwde za`ru`r bolg`an na`rseler:

– ob`ektti maqsetli bir bag`dardag`ı qabıllawdı sho`lkemlestiriw;
– ha`r bir predmet ha`m ta`biyat qubılısı haqqında taza tu`sinikti analizlew;
– barlıq a`hmiyetli emes, ekinshi da`rejeli belgilerden abstraktsiyalaw.

Ta`biyattanıw tu`siniklerinin` qa`liplesiwinde ayrıqsha dıqqat ha`r qıylı pikirlew operatsiyaların paydalanıwg`a qaratılıwı kerek: analizge, sintezge, salıstırıwg`a, abstraktsiyalawg`a, konkretlestiriwge, ulıwmalastırıwg`a.

Qanday da bir o`simlik, haywan, tiri emes ta`biyat ob`ekti haqqında tu`siniklerdi qa`liplestiriwde (kompas, termometr) olardı mayda bo`leklerge bo`lip, bo`lek-bo`lek ko`rip shıg`ıw kerek. Mısalı, mektepke shekemgi balalardı erte gu`lleytug`ın o`simlikler menen tanıstırg`an waqıtta (gusinıy luk, yarutka, fialka, chuchmuma, tyul`pan) ta`rbiyashı bul o`simliklerdi bo`leklerge bo`liwdi usınadı, keyin olardın` ha`r birinin` wazıypasın anıqlaydı. (analiz)

Bunday analizden keyin balalar predmettin` ha`r bir bo`legin qıyalında ja`ne bir pu`tin predmetke biriktiredi (sintez). Analiz ha`m sintez – pikirlewdin` en` a`hmiyetli usılları. Olardın` ja`rdeminde tu`sinikler qa`liplesedi.

Qıyalında predmetlerdi analizlew ha`m sintezlew arqalı predmetler ha`m qubılıslardı bir-biri menen salıstırıwg`a boladı. Salıstırıw ha`r qıylı belgilerge qarap o`tkeriledi: o`simliklerdin` ag`zalarına qarap, sırtqı du`zilisine qarap, jıl ma`wsimine qarap, paydalanıwına qarap h.t.b.

Tu`sinikler ulıwma qa`siyetlerge iye predmetlerdin` ha`m qubılıslardın` birigiw protsessinde payda boladı. Eger predmetler ha`m qubılıslar a`hmiyetli belgiler boyınsha birikse g`ana ulıwmalastırıw durıs dep tabıladı. Mısalı, «metal» tu`sinigi to`mendegi belgilerge iye: jıltırawı, sın`g`ırlawı,Yu jıllılıq o`tkizgishligi, eriwi h.t.b.

Shınıg`ıw waqtında ha`r qıylı metodikalıq usıllardı qollanıw, ha`r qıylı ta`jiriybelerdi ko`rgizbe qurallardı paydalanıw tu`siniklerdi an`lı tu`rde u`yrenip alıw mu`mkinshiligin asıradı. Olardı bekkemlewge jaqsılap oylanıp berilgen sawallar paydalanılatug`ın sa`wbetler ko`p ja`rdem beredi. Qa`liplesken tu`siniklerdi balalar a`meliyatta isletip biliwi kerek. Mısalı, da`r`yalar haqqında tu`sinikke iye bolg`an balalar bul tu`siniktin` ja`rdeminde karta da`r`yalardı taba alıwı kerek.

Tu`siniklerdin` qa`liplesiwinde tu`siniktin` bo`lek-bo`lek elementlerden quralg`anın esapqa alıw kerek. Solay etip, «to`beshik» tu`sinigi to`mendegi elementlerden turadı: usha bası, etegi, tik jar. «Da`r`ya» tu`sinigi to`mendegi elementlerden turadı: sag`a, ag`ıs, sol ta`reptegi jag`ıs, on` ta`reptegi jag`ıs.

Ob`ekt yamasa qubılıs haqqında durıs tu`sinik qa`liplestiriw ushın aldın olardı baqlap, keyin illyustratsiyalang`an su`wretin (kartina, tablitsa, karta-sxema) ko`rip, olar haqqında gu`rrin` yamasa mug`a`llimnin` sa`wbetin esitiw za`ru`r. Bir maqsetke bag`darlang`an is tu`siniklerdin` tabıslı qa`liplesiwine ja`rdem beredi.

Mektepke tayarlaw toparında tu`siniklerdi qa`liplesitiriwde «suw», «hawa», «paydalı qazılmalar» ha`m «jer» temalarında «fizikalıq dene» ha`m de u`lken tu`sinik bolg`an «zatlar» u`lken dıqqat awdarılmaqta. Qanday jag`daylarda suw bizlerdin` aldımızdan fizikalıq dene retinde shıg`adı? Terek japırag`ı u`stinde turg`an tamshı suw – fizikalıq dene, al qorshag`an ortalıqtan alıstag`ı suw da – fizikalıq dene. Qar,

burshaqta fizikalıq dene. Ha`r qanday qashıqlıqtag`ı suwdan turıwshı zatlar – fizikalıq dene esaplanadı.

Ta`biyatta suw 3 halda ushırasqanı ushın balalarda qattı, suyıq ha`m gaz haldag`ı deneler tu`siniklerin alıwı kerek. Olardın` bir-birinen parqı atom-molekulyar qurılısı arqalı tu`sindiriledi. Balalarg`a suwdı fizikalıq aspektke u`yretiwde olarg`a «Molekula», «Atom», «Ta`biyattın` fizikalıq qa`siyetleri», «Fizikalıq qubılıslar», «Issılıq energiyası», «Suwdın` energiyası» atamaların tu`sindiriw kerek.

Suwdı zat mısalında u`yreniw «suwdın` quramı», «a`piwayı ha`m quramalı zatlar», «element», «molekula», «atom», «vodorod», «kislorod», «birikpe», «aralaspa», «ximiyalıq qubılıslar» ha`m «birigiw ha`m tarqatıw reaktsiyaları» tu`siniklerin ashıp beriwdi talap etedi.

Bunın` ba`ri qıyın. Biraq bular pedagog ha`m balalar ha`reket etse islense bolatug`ın zatlar. A`sirese olardın` sxemasın taxtag`a sog`ıp tu`sindirilse, ta`jiriybeler arqalı islense an`sat keshedi.

Sonın` ushında suw, hawa, jer, taw jınısları sıyaqlı qıyın tu`siniklerdi balalar gu`zetiw bazalarında o`zlestiredi. Sonın` ushında qıyın tu`siniklerdi u`yreniw 3 gruppag`a bo`linip u`yreniledi: substantsion, strukturalıq ha`m funktsional. Strukturalıq tu`siniklerdi u`yreniw mektepke shekemgi jastag`ı balalarg`a fizikalıq denelerdin` quramı bolg`an konkret zatlar menen tanıstıradı. Ha`r bir substantiv tu`siniklerdi u`yretiwde usı tu`sinikti quraytug`ın basqada bilimlerdi u`yretiw za`ru`r. Mısalı, a`piwayı ha`m quramalı zatlardı tu`sindirgende jansız ta`biyat u`yreniledi.

A`piwayı ha`m quramalı zatlar tu`sinikleri «Suw» ha`m «Hawa» temalarında shuqırlastırıp ha`m ken`eytirilip o`tiledi. Balalardın` alg`an bilimleri «Paydalı qazılmalar», «Jer» temaların mazmunlı o`zlestiriwde qollanıladı.

Funktsional tu`sinikler – bul zatlardın` o`zgeriw ha`m almasıw qa`siyetleri. Mısalı, suwdın` suyıqlıq halınan qattı ha`m gaz halına o`tiwi. Zatlardın` bir haldan ekinshi halg`a o`tiwin u`yreniwde olardın` quramınbiliw kerek. Olarg`a molekulalar ha`m olardın` zatlarda jaylasıwı, yadro, elektronlar jatadı.

Zattın` bir haldan ekinshi halg`a o`tiwinin` sebebin biliw ushın sol zattın` du`zilisin biliw za`ru`r. Zattın` du`zilisi, olardın` strukturası haqqındag`ı tu`sinikler

strukturalıq tu`sinikler dep ataladı. Olarg`a molekulalar ha`m olardın` denelerde jaylasıwı, sonday-aq onın` yadrosı, elektronı haqqında tu`sinikler jatadı.

Baqlawlardın` ko`rsetiwine qarag`anda rejege muwapıq rawajlanıw ha`m strukturalıq tu`siniklerdi u`yreniw tek g`ana basqıshpa-basqısh quramalastırılıp barıw sha`rti menen alıp barıladı. Eger olardın` qa`liplesiwinin` birinshi basqıshında molekula haqqında da`slepki tu`sinikler berilse, aqırg`ı basqıshlarında atom ha`m onın` bo`leksheleri bolg`an yadro ha`m elektronlar u`yreniledi.

Strukturalıq tu`sinikler ayrıqsha a`hmiyetke iye.

Bo`lekshe haqqında konkret tu`sinik beriw ushın bir bo`lek qanttı 4ke bo`lip, balalardan: «Bir bo`lek qanttan ne payda boldı?»-dep soraw kerek. «Bo`leksheler»,- dep juwap beredi balalar. Qanttı mayda untaqqa aylandıramız. «Endi ne payda boldı?»-«Mayda bo`leksheler, untaq».

Keyin qanttı suwda eritiw kerek. «Qant bo`leksheleri joq bolıp ketti me?» - «Yaq, olar suwdın` ishinde». – «Bunı qalay bilemiz». – «Da`min tatıp ko`remiz».

Ta`jiriybeden kelip shıqqan halda, qant – qattı dene ko`zge ko`rinbeytug`ın mayda-mayda bo`lekshelerden quralg`an, degen juwmaqqa keliwge boladı.

Bolalardın` jansiz tabiat kublısları, o`simlikler ha`m haywanlar, insan miyneti haqqindag`ı tu`siniklerin keneytiw ha`mde boyitıw, sonday-aq, o`simlikler o`siriw, haywanlarda qorg`awda balalarda a`piwayı ko`nlikpeler payda etiw ta`lim beriwdin` tiykarg`ı wazıypalarınan esaplanadı. Bunda balalarda baqlawshılıq, bilimge qızıg`ıwshılıq, oylaw ha`m logikalıq so`ylew rawajlanadı, so`z baylıg`ı artadi, jan`a tu`sinikler payda boladı.

Balalardın` ta`biyat qoynındag`ı minez-qulqı ha`m iskerligin baqlaw sonı ko`rsetedi, olardın` ayrımları en` shıraylı guldi u`zip alıwg`a, hesh bir za`rurliksiz shaxlardı sındırıwg`a, quslar ha`m bosqa ja`niwarlarga azar jetkeriwge ha`m t.b. umtıladı.

Balalarg`a to`mendegi sorawlar berildi:

1. Eriktin` gullegen shaqaların sındırıp alıp gulda`ste jasaw mu`mkin be?
2. Shelektegi musordı salmadag`ı suwg`a taslaw mu`mkin be?
3. Salmadag`ı suwga tupirse ne boladı?
4. Jasap turgan gul sındırılsa ne joq boladı?
5. Hawada tutin ko`terilse ne boladı?
6. Avtomobil mayın suwga to`giw mu`mkin be?

7.Egin egiletug`ın topraqqa may tusse ne boladı?

17 balanın` ha`r biri joqarıdag`ı sorawlara maqullap yamasa inkar etip to`mendegishe juwap berdi: “Mu`mkin”, “Mu`mkin emes”, “Boladı”, “Bolmaydı”, “Zıyanlı”, “Zıyanlı emes”, ““Bar”, “Joq” sıyaklı. (1-keste).

1-keste

**Sorawlarga berilgen juwaplar na`tiyjeleri**

| Sorawdın` ta`rtip nomeri | Tuwrı juwaplar | Tuwrı kelmeytug`ın juwaplar | Juwap bermemegenler |
|---|---|---|---|
| 1. | 12 | 3 | 2 |
| 2. | 13 | 2 | 2 |
| 3. | 12 | 2 | 3 |
| 4. | 11 | 3 | 3 |
| 5. | 12 | 5 | 2 |
| 6. | 10 | 4 | 3 |
| 7. | 12 | 2 | 3 |

Ta`jiriybe-sınaw jumısları No`kis qalalıq xalıq bilimlendiriu bo`limine qaraslı 16 mektepke shekemgi ta`lim ma`kemesinin` u`lken ha`m mektepke tayarlaw toparında alıp barıldı.

Na`tiyjeler sorawlarg`a tolıq juwap alıw ta`rizinde anıqlandı, sha`rtli ra`wishte 5 ballık sistema arqalı bahalandı: 5 ball - tuwrı ha`m tolıq juwap ushın; 4 ball - tuwrı juwap ushın; 3 ball – tolıq emes tuwrı juwap ushın; 2 ball – nadurıs juwap ushın.

**Ta`jiriybe-sınaw jumıslarının` juwmaqlawshı na`tiyjeleri**

| Ta`jiriybe ha`m qadag`alaw toparları | Ballar | Sorawlarg`a Juwaplar | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1-topar, ta`jiriybe | Ja`mi: 5 ball<br>4 ball<br>3 ball<br>2 ball | 10<br>5<br>2<br>- | 10<br>7<br>-<br>- | 10<br>7<br>-<br>- | 10<br>7<br>-<br>- | 10<br>5<br>2<br>- |
| 2-topar, qadag`alaw | Ja`mi: 5 ball<br>4 ball<br>3 ball<br>2 ball | 8<br>5<br>4<br>- | 8<br>4<br>4<br>1 | 7<br>4<br>4<br>2 | 8<br>6<br>2<br>1 | 8<br>4<br>3<br>2 |

Ta`jiriybe-sınaw jumıslarında qatnasqan balalardın` sorawlarg`a qanday juwap bergenlerine ko`re alıng`an na`tiyjeler analizlendi. Sog`an ko`re, qadag`alaw ha`m ta`jiriybe toparlarındag`ı balalardın` o`zlestiriw qa`biletleri ten` imkaniyatlı bolıp

shıqtı, biraq ta`jiriybe toparındag`ı o`zlestiriw na`tijeleri joqarıraq. Bul bolsa alıp barg`an izertlewdin` na`tiyjeliligin tastıyıqlaydı.

Mektepke shekemgi ta`lim ma`kemelerinde balalardı ka`sip-o`nerge bag`darlaw isleri aynala-a`tirap ha`m ta`biyat penen tanıstırıw, til o`siriw ha`m ko`rkem a`debiyat, su`wretlew iskerligin sho`lkemlestiriw shınıg`ıwlarında, seyil ha`m ekskursiya, sa`wbetler ha`m qızıqlı ushırasıwlar, kun dawamında alıp barıw imkaniyatları ko`p. 2-3 jaslı topar balaları "Diyxan ha`m ayıw" ertegin tın`lap, birinshi ma`rte diyxan ka`sip-o`ner haqında eshitedi. Keyingi shınıg`ıwlarda diyxan miyneti, onın` esittirgen palızlar menen tanısadı. Orta ha`m u`lken tayarlaw toparlarda tu`rli ka`sip iyelerinin` miyneti menen tanısıw arqalı, interaktiv usıllarda o`tkerilgen shınıg`ıwlarda, seyil ha`m ekskursiyalarda, baqlawlar arqalı tu`rli ka`sip-o`nerler haqqında bilim ha`m uqıplılıqların asıradı.

Toparg`a taza oyınshıq alıp kelindi. Ta`rbiyashı onı balalarg`a birinshi ko`rsetkenindey, bul oyınshıqtın` shırayına, qalay islengenligin, onı asırap-abaylaw lazımlıg`ın, oyınshıqtı islegende u`lkenler miyneti haqqında aytıp beredi, balalarda u`lkenler miyneti o`nimine zawıq oyatadı.

6-7 jaslı balalar menen "Kim bolsam eken?" temasında qızıqlı oyın shınıg`ıwları dawamında balalarda shıpaker, ushıwshı, shofyor, militsioner, kosmonavt, oqıtıwshı, artist, diyxan, tigiwshi sıyaqlı ka`sip-o`nerge bolg`an qızıg`ıwshılıqları rawajlandırıladı.

Solay etip, balalarda miynetti su`yiw, basqalar miynetin ka`dirlew, o`simlik ha`m haywanlardı asıraw, olardı qorg`au, o`z Watanı, tabiyatın su`yiw, ta`biyat go`zzallıqların ko`re alıw sıyaqlı sezimlerdi osiriw arqali ta`rbiyalıq wazıypalar sheshiledi.

## Ekinshi bap boyınsha juwmaqlaw

Balalarda u`lkenler miynetine unamlı qarım-qatnas ha`m qızıg`ıwshılıq erte payda boladı. Balalar u`lkenlerdin` du`n`yasına, iskerligine tezirek aralasıwdı qa`leydi. Mektepke shekemgi jastag`ı balalardı miynetke ta`rbiyalaw protsesinde tek g`ana en` a`piwayı a`sbaplarda islew ko`nlikpelerin u`yretip qoymastan, al sol waqıtta bala ushın za`rur a`dep-ikramlılıq sıpatlardı: o`z betinshelik, maqsetke umtılıw, tapsırılg`an is ushın juwapkershilikti seziw maqsetke erisiw ushın qattıqollıq ten`leslerine miyrimlik ha`m t.b. sin`diriw ha`m za`rur.

Miynetsu`yiwshilikti, miynetke qızıg`ıwshılıqtı ta`rbiyalawda balanın` o`z iskerligi na`tiyjesinen bir pu`tin o`niminen ha`m og`an berilgen bahadan minnetdar bolıwı za`rur a`hmiyetke iye. Miynet tu`rin tan`lawda balalardın` qızıg`ıwshılıg`ı, olardın` paydalı miynet haqqındag`ı sa`wlelerin esapqa alıw kerek.

Balalarda qorshap turg`an ta`biyat haqqında durıs tu`sinik payda etiw ushın ta`rbiyashı baqlaw waqtında to`mendegi usıllardı qollanıwı kerek:

1. baqlaw ushın ob`ektti tan`lap aladı
2. balalarda bul predmetler haqqında bilimlerdin` ko`lemin ha`m sapasın bilip aladı
3. berilgen ob`ektler haqqında balalardın` yadındag`ı mag`lıwmatlardı janlandırıp ha`m tiklep, olardı tolıqtırıwı kerek.
4. baqlaw protsessinde izbe-iz berilgen bir qatar sorawlardın` ja`rdeminde
5. balalardı baqlawlardın` na`tiyjelerin ko`rsetiwge shaqırıw

Demek, ta`biyattanıw tu`siniklerinin` qa`liplesiwinde ayrıqsha dıqqat ha`r qıylı pikirlew operatsiyaların paydalanıwg`a qaratılıwı kerek: analizge, sintezge, salıstırıwg`a, abstraktsiyalawg`a, konkretlestiriwge, ulıwmalastırıwg`a.

## Juwmaqlaw

Mektepke shekemgi ta`lim ma`kemelerinde ta`lim-ta`rbiyanı pedagog-ta`rbiyashı a`melge asıradı. Ol pedagogikalıq protseste oraylıq orındı iyeleydi. Sonın` ushın ta`rbiyashı o`z tarawın teren` biliwi, ha`r qıylı metodikalıq qurallardı jaqsı iyelegen, puxta pedagogikalıq psixologiyalıq tayyarlıqqa iye bolıwı kerek. Sonın` menen bir qatarda qa`nigelik boyınsha pa`nlerdi, ja`ne «Bilimlendiriw haqqında»g`ı Nızam, Kadrlar tayarlaw milliy Da`sturin, mektepke shekemgi ta`rbiya pedagogikası, «Balajan» tayanısh da`sturin Ma`mleket ta`lim talapların puxta iyelegen bolıwı lazım. Mektepke shekemgi ta`rbiya jasındag`ı balalar tiykarınan mektep ta`limine mektepke shekemgi ta`lim ma`kemelerinde ha`m shan`araqta tayarlanadı. Balalardı mektepke tayarlawdın` makseti balalardı bala shaxsın mektepke shekemgi jastag`ı balalar ta`lim-ta`rbiyasına koyılatug`ın ma`mleket talaplarına muwapıq salamat ha`m jetik mektepke, oqıwg`a tayarlang`an ta`rizde qa`liplestirip barıwdan ibarat.

Balalardı mektepke tarlawdın` tiykarog`ı wazıypaları bolsa, balalardı fizikalıq, akılıy, ruwhıy ta`repten kamal taptırıw olardın` salamatlıg`ın qorgaw, balalardın` do`retiwshilik o`z betinshe erkin pikirlew qa`biletlerin rawajlandırıw ushın, shart-sharayatlar jaratıw wazıypaların qoyadı.

Mektepke shekemgi ta`rbiya jas dawamında balalarda o`z miyneti iskerligi payda boladı. Ol ayırım is ha`reketlerin iyelep alıwdan, putkil is protsessin is turlerin o`zlestirip alıwg`a shekem rawajlanıp baradı. Miynet turlerine kiretug`ın is protseslerinin` ha`r qıylıg`ı olardı balalar ortasında bo`listiriw, ja`ma`a`t ta`rzinde islewge sho`lkemlestirilse, ulıwma na`tiyjege erisiwge imkaniyat beredi. Biraq miynet turlerin iyelep alıw balalardın` ayırım is protseslerin qa`nshelik o`zlestirip alg`anına, konkret maqset qoyıw ha`m og`an erisiwdi sho`lkemlestiriw, material ha`m asbaplardı tan`law, is ha`reketlerin belgili ta`rtipte a`melge asırıw, is protsesinin` maqsetke say bolg`an zarur na`tiyjege erisiw uqıplılıg`ına baylanıslı.

Mektepke shekemgi ta`lim ma`kemesinde miynet ta`rbiyası kuralları-balalardı u`lkenler miyneti menen tanıstırıw, miynet ta`limi ha`m balalardın` miyneti, balalardın` o`z betinshe miyneti jetekshi rol` oynaydı, biraq mektepke shekemgi

jastag`ı balalardı miynet iskerligine tartıw bul iskerliktin` qa`lipleskenlik da`rejesi menen sheklenedi.

Mektepke shekemgi jastag`ı balada miynet iskerliginin` qa`liplesiw protsesi u`lkenlerdin` miynet iskerligin onın` tiykarg`ı bo`limleri menen ta`kirarlaw ta`rzinde ju`z beredi. Bala miynet protsesine kirisiwden aldın miynettin` tiykarg`ı bo`limlerin ajıratıp alıw ha`m an`lap jetiw, za`rur miynet uqıplılıqların o`zlestiriw lazım. Miynet ta`rbiyasının` barlıq kurallarınan kompleks ta`rizde, o`z-ara baylanısqan halda ken` paydalanıw, bul kurallardan ha`r biri mektepke shekemgi jastag`ı balalardın` miynet ta`rbiyası sistemasında o`z a`hmiyeti ha`m ornına iye ekenligin esapqa alıw talap etiledi.

Balalardı qorshap turg`an ta`biyat penen tanıstırıw ushın pedagogtın` aldına to`mendegi ma`seleler qoyıladı:

– Balalarda ta`biyattın` go`zzallıg`ın ko`rip ha`m tu`sinip biliwdi ta`rbiyalaw, estetikalıq sezimlerin qa`liplestiriw;

– Ana ta`biyatqa degen qızıg`ıwshılıqtı rawajlandırıw;

– ta`biyatqa degen jaqsı qatnastı qa`liplestiriw, onı buzılıwlardan asıraw, kerek bolsa tiklewge u`yretiw.

Pedagoglar balalardı ta`biyat penen tanıstırıwda olardın` jasına qarap olardın` aktiv qatnasıwı ushın bilim ha`m ko`nlikpelerdi qolaylı etip sho`lkemlestiredi.

Balalardın` aktivligin asırıw ushın metodikalıq qurallar, yag`nıy salıstırıw, jeke shınıg`ıwlar, bir-birine soraw beriw, ta`rbiyashıg`a soraw beriw ha`m ha`r qıylı oyınlardan paydalanıw kerek.

Balalardı ta`biyat penen tanıstırıwda zatlardı salıstırıw ju`da` u`lken a`hmiyetke iye. Bunda tereklerdin`, o`simliklerdin`, u`y ha`m jabayı haywanlardın` sırtqı ko`rinisleri, watanımız benen basqa u`lkenlerdi salıstırıw tu`siniledi.

Ta`biyatqa bolg`an g`amxor qatnasıqlardın` qa`liplesiwi ta`biyatqa, ana jerge muxabbat ha`m u`lkenler menen onın` abadanlasıwında qatnasıw menen baylanıstırıw ju`da` a`hmiyetli.

Balalardın` ta`biyatqa qızıg`ıwshılıg`ın ta`rbiyalag`anda olardın` ata-anaları ana ta`biyat penen tanıstırıwı kerek. Ta`rbiyalawshılar ata-analarg`a balaların seyilge

alıp shıg`ıwdı ha`m sırttan baqlawdı ma`slahat beredi. Pedagog bul protsestin` balag`a qanshelli paydalı ekenin ata-analarg`a tu`sindiredi.

Solay etip, mektepke shekemgi jastag`ı balalardı ta`biyat penen tanıstırıwda ha`zirgi keskinlesken ekologiyalıq jag`dayda esapqa alıw kerek. Sebebi, jıl sayın hawa-rayında o`zgeris ko`p. Ha`r bir ta`rbiyashı jag`dayg`a baylanıslı haqıyqatlıq penen tu`sindiriw jumısların alıp barıw tiyis. Balalar menen birge «Janlı mu`yesh»ler, atızlar, bag`lar sho`lkemlestirip, balalardı qızıktırıw, ta`jiriybe jumısların alıp barıw kerek.

## Paydalanılg`an a`debiyatlar dizimi


1. O’zbekiston Respublikasi Konstitutsiyasi. -T. O’zbekiston, 2003.

2. Karimov İ.A. Tarixiy xotirasiz kelajak ywq. Muloqot jurnali, 1998y,5-son.

3. Karimov İ.A. Ma`naviy yuksalish yo’lida. -T. O’zbekiston, 1998.

4. Karimov İ.A. Adolatli jamiyat sari. -T. O’qituvchi,1998.

5. Karimov İ.A. O’zbekiston XXI asrga intilmoqda. -T. O’zbekiston, 1998.

6. Karimov İ.A. Ozod va obod Vatan, erkin va farovon hayot - pirovard maqsadimiz. 8-jild. -T. O’zbekiston, 1999.

7. Karimov İ.A. Milliy istiqlol mafkurasi - xalq e`tiqodi va buyuk kelajaka ishonchdir. -T. O’zbekiston, 2000.

8. O’zbekiston Respublikasining «Ta`lim twg`risida»gi Konuni.// Barkamol avlod - O’zbekiston taraqqiyotining poydevori. -T. Sharq, 1997.

9. O’zbekiston Respublikasi «Kadrlar tayyorlash milliy dasturi»// «Barkamol avlod- O’zbekiston taraqqiyotining poydevori».-T.Sharq, 1997.

10. Barkamol avlod orzusi. -T. Sharq, 1999.

11. “Yuksak ma`naviyat - engilmas kuch”. I.Karimov . “Ma`naviyat” 2008 y.

11. Abdulla Avloniy. Turkiy guliston yoxud axloq. -T. O’qituvchi 1993.

12. Abdurasulov M. O’zbek ma`rifatparvar shoirlari ilm ma`rifat haqida. -T. O’qituvchi, 1981.

13. Aliqulov U., Omonboev R. Jomiy va Davoniy ta`lim-tarbiya haqida. -T. O’qituvchi, 1981.

14. P.Yusupova. Maktabgacha tarbiya pedagogikasi T. O’qituvchi, 1993

15. E.K.Gul`yants. Bolalarga o’stachilikni o’rgating, T. 1990.

16. Mavlonova R. va boshq. Pedagogika. -T. O’qituvchi, 2001.

17. Pedagogika (prof. A.K.Minavarovning umumiy tahriri ostida). -T. O’qituvchi, 1996.

18. Sh.Sodiqova Maktabgacha pedagogika. T. Fan va texnologiya, 2012

19. Bolajon tayanch dasturi.-T. «Sano-standart», 2010.

20. «Maktabgacha yoshdagi bolalar ta`lim tarbiyasiga ko`yiladigan davlat talablari» T., O`zPFITI 2000 y.

21. Tabiat bilan tanishtirish metodikasi.- T. 2006

22. Sh.Shodmonova Maktabgacha ta`lim pedagogikasi. – T. 2008.

23. P.Yusupova Maktabgacha yoshdagi bolalarga ekologik tarbiya berish.-T. 1995

24. www tdpu. uz
25. www pedagog. uz
26. www Ziyonet. uz
27. www edu. Uz

## «Do`gerek a`tirap penen tanısıw»

**Teması:** «Ka`sipler menen tanısıw»

**Maqseti:** Balalarg`a ka`sipler haqqındag`ı tu`siniklerdi beriw, ha`r qıylı ka`sipler menen tanıstırıw h.t.b.

**Metodikası:** Ko`rsetiw, tu`sindiriw, baqlaw, so`ylep beriw, soraw-juwap.

**Ku`tiletug`ın na`tiyje:** Balalarda ka`sipler haqqındag`ı tu`siniktin` payda bolıwı, ka`sipke bag`darlaw.

**Kerekli qurallar:** Ha`r qıylı ka`sip iyelerinin` miynet quralları, su`wret, plakat, kitaplar h.t.b.

**Sabaqqa tayarlıq:** Stol u`stinde (ha`r bir stolda) ha`r bir ka`sip ushın qollanılatug`ın buyımlar. Balalar shen`ber bolıp otıradı.

### Sabaqtın` barısı

**Ta`rbiyashı:** Assalawma a`leykum balalar! Bu`gin biz sizler menen «Do`gerek a`tirap penen tanısıw» sabag`ın o`temiz. Bunda «Ka`sipler menen tanısamız». Al, ha`zir bolsa azg`ana sa`wbetlesip alsaq. Bu`gin ha`ptenin` neshinshi ku`ni?

**Balalar:** 3-ku`ni

**Ta`rbiyashı:** Tuwrı, neshinshi sa`ne?

**Balalar:**

**Ta`rbiyashı:** Ba`rekella, bu`gin kim na`wbetshi?

**Balalar:** Ramazan, Mexri

**Ta`rbiyashı:** Onda na`wbetshiler mag`an ja`rdemlesedi.

Balalar biz bilemiz du`n`yada ka`sipler ju`da` ko`p, olardın` ja`miyette atqaratug`ın xızmeti, roli ha`m insanlar ushın paydası tu`rlishe. Qa`nekey kim aytadı, kim qanday ka`sipke qızıg`adı?

**Mexri:** Men oqıtıwshı bolaman

**Ramazan:** Men watan qorg`awshısı bolaman

**Barno:** Men ko`ylek tigemen

**Madina:** Men vrach bolaman

**Adil:** Men taksist bolaman

**Asad:** Men su`wretshi

**Ta`rbiyashı:** Ba`rekella, qa`ne onda ha`zir biz sol ka`sip iyeleri jumısı ha`m miynet quralları menen tanısamız.

(Stol u`stinde ha`r qıylı ka`sipke tiyisli bolg`an is quralları ha`m o`nimleri menen balalar ta`rbiyashı menen birgelikte tanısadı, ha`r bala o`zi su`ygen ka`sip stolına barıp turadı ha`m tanısadı).

**Ta`rbiyashı:** Balalar minekey o`zlerin`iz ko`rip turg`anın`ızday ha`r bir ka`sip bir-birin qaytalamaydı, tu`rlishe. Ma`selen mına shıpaker ka`sibi – insanlar den-sawlıg`ının` saqshısı, bizin` o`mirimiz, den-sawlıg`ımız ushın ayanbay xızmet etedi, awırg`an jerimizdi bir zamanda dawalaydı.

Minekey mınalar shıpakerlerdin` miynet quralları: shpatel`, gradusnik, shprits, termometr, kolidoskop h.t.b.

Al, bul oqıtıwshı ka`sibi stolı. Oqıtıwshılar – jaslarg`a ta`lim-ta`rbiya beredi, oqıwdı, jazıwdı, sızıwdı u`yretedi. Oqıtıwshı ka`sibine ta`n is quralları: ruchka, qa`lem, da`pter, kitap, sızıg`ısh, por, taxta, globus, karta, jurnal.

Mexri sen oqıtıwshı ka`sibin tan`lamaqshısan` tuwrıma, qa`nekey oqıtıwshı haqqında bizge ne aytıp bere alasan`?

**Mexri:** Bizge ta`lim bilim bergen
Ba`rimizdi jaqsı ko`rgen
O`zi aqıl ha`m ko`regen
Mug`allimim ustazım!

**Ta`rbiyashı:** Ba`rekella, raxmet. Minekey balalar mına jerde watan qorg`awshılarımızdın` ku`ndelikli xızmetinde paydalanatug`ın texnika quralları sa`wlelengen: tanka, avtomat, samolyot, vertolyot, ju`k mashinaları, parashyut, du`rbin h.t.b. Bul ka`sip haqqında ayrıqsha aytıp o`tiw kerek. sebebi, usı insanlar sebepli biz tınısh, paraxat zamanda jasap atırmız. Olar keshe ha`m ku`ndiz tınbay bizin` arqayın baqshag`a, oqıwg`a, jumısqa keliwimiz, uyqımız tınısh bolıwı ushın elimizdi sırtqı dushpanlardan qorg`aydı.

**Ramazan:** Chegarada askarman,
Qo`riqlayman Vatanni,
Yov yo`latmay yurtimga

Xizmat qilaman elga.

Usı taqılette balalar stollardag`ı ha`r qıylı ka`sipler menen tanısadı, soraw-juwap, sa`wbetlesiw arqalı pikirler tolıqtırıladı, tu`sinikler bekkemlenedi. Sabaq son`ında ta`rbiyashı balalarg`a tapsırma beredi.

**Ta`rbiyashı:** Balalar ha`zir biz sizler menen su`wret ha`m applikatsiya sabag`ı boyınsha jumıs isleymiz.

Mına, sizlerge berilgen aq qag`azlarg`a sizler o`z tan`lag`an ka`sibin`izge tiyisli bir miynet quralının` su`wretin salıwın`ız kerek, son` o`z ka`sibin`izge tiyisli su`wretlerdi shaqqanlıq penen tawıp qag`azın`ızg`a jelimlewin`iz kerek. Kim sıpatlı ha`m shaqqan isleydi ekekn?!

Balalar su`wret saladı ha`m jelimleydi, o`zleri, tu`sindirip beredi, xoshametlenedi.

**Ta`rbiyashı:** Al, endi ha`zir 2 komandag`a bo`linip bir oyın oynasaq, sizlerge 2 qaltasha beremen qaltashanın` ishinde 2 ka`sipke tiyisli kiyim ha`m qurallar bar. Sizler mine usı ka`sip iyesin durıs, tez ha`m sulıw etip kiyindiriwin`iz kerek boladı. Qaysı komanda birinshi ha`m sıpatlı bolsa jen`impaz boladı. 1-komanda «Shıpakerler», 2-komanda «Aspazlar». Balalar 5 ten bo`linip, sha`rtti orınlawg`a kirisedi ha`m jen`impaz komanda anıqlanadı. Ta`rbiyashı jen`impazlardı xoshametleydi.

**Ta`rbiyashı:** Balalar bu`gingi sabag`ımız sizlerge unadıma?

**Balalar:** Awa, unadı

**Ta`rbiyashı:** Ba`rekella, balalar bu`gingi sabag`ımızg`a sizlerdin` ba`rshen`iz belsene qatnastın`ız, ba`rshen`izdin` bahan`ız «5».